ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№142 (24.268) • 2021 гъэм щэкІуэгъуэм (ноябрым) и 27, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокІ • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru




# ЩІыналъэм ифІ зыхэлъ ІуэхуфІхэр пхагъэкІыу

## КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек лэжьыгъэ ІуэхукІэ яІущІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу Урысей Федерацэм сенатору щыІэхэмрэ Къэрал Думэм и депутатхэмрэ

**КъБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек щэкІуэгъуэм и 25-м лэжьыгъэ ІуэхукІэ яІущІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэу Урысей Федерацэм сенатору щыІэхэу Къанокъуэ Арсенрэ Ульбашев Мухьэрбийрэ, «Урысей зэкъуэтым» къыбгъэдэкІыу Къэрал Думэм и депутатхэу Геккиев Заур, Родинэ Викторие, Щхьэгуэш Адэлбий сымэ. ЗэІущІэр щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым УФ-м и Президентым деж Москва зэпымыуу щиІэ ІуэхущІапІэм.**

ЗЭІУЩІЭМ щытепсэлъыхьащ 2022 гъэм, апхуэдэуи 2023 - 2024 гъэхэм ятещІыхьа къэрал бюджетым теухуа Законыр гъэхьэзырыным зэгъусэу зэрыхэлэжьыхьа щІыкІэм. ЩэкІуэгъуэм и 24-м Законыр Къэрал Думэм къищтащ. Бюджетыр етІуанэ къеджэгъуэм щыхуагъэхьэзырым зэгъэзэхуэжыныгъэу миным нэблагъэ къыхалъхьати, абыхэм ящыщу 573-р пхыкІащ. Къыхэгъэщащ жэрдэм нэхъыщхьэхэмрэ мыхьэнэшхуэ зиІэхэмрэ къыхэзылъхьар «Урысей зэкъуэт» партым и депутатхэрауэ зэрыщытыр.

Халъхьа зэгъэзэхуэжыныгъэхэр зытеухуар щІыналъэхэм автомобиль гъуэгухэр щызэгъэпэщыжыным, къуажэхэм зегъэужьыным, жылэ псоми зэхуэдэу медицинэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэтыным, ныкъуэдыкъуэхэр псэупІэкІэ къызэгъэпэщыным, студентхэм я общежитхэр зыхуей хуэгъэзэным, спорт утыкухэр щІыным, щІалэгъуалэр ІэнатІэкІэ къызэгъэпэщыным, социальнэ Іуэхухэм трагъэкІуадэ мылъкур индексацэ щІыным, нэгъуэщІ къалэнхэри зэфІэгъэкІыным хухаха мылъкум яхущІыгъуэнырщ.

«Урысей зэкъуэтыр» щытащ икІи къонэж къэралым и политикэ парт нэхъ лъэщу, абы къалэнышхуэхэр зыхуигъэувыжым и мызакъуэу, хузэфІокІ щІыхубэм я сэбэп зыхэлъ Іуэху еплъыкІэхэр пхигъэкІын, хэхакІуэхэм я пащхьэ къалэн зыщыщищІыжахэр игъэзэщІэн», - жиІащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Іэтащхьэм.

КІуэкІуэ Казбек къыхигъэщащ: «Фигу къэзгъэкІыжыну сыхуейщ къыщыщІэдзахэр - 2019 гъэм щегъэжьауэ республикэм и финанс Іуэхухэр зэтеухуэным хуэгъэза лэжьыгъэр зэредгъэжьар, дызыхуэплъэу щытахэр: 2024 гъэм ирихьэлІэу бюджетыр сом мелард 60-м нэдгъэсыну зыхуэдгъэувыжат. Ауэ а къэдгъэлъэгъуа бжыгъэм КъБР-м и бюджетым и хэхъуэхэр илъэситІкІэ нэхъ пасэу нэсыну - 2022 гъэм ар къехъулІэнущ. Къэрал бюджетым теухуа Законым дэ дызыщІэлъэІуахэр унэтІыныгъэ псомкІи зэхъащ. Псом япэрауэ, фІыщІэ яхузощІ Урысейм и Президент Путин Владимир Владимир и къуэм, УФ-м и Правительствэм и Унафэщі Мишустин Михаил Владимир и къуэм, Урысейм и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу КИФЩІ-м щыІэ Чайкэ Юрий Яков и къуэм, Правительствэм и Унафэщіым и къуэдзэхэм, къэрал министерствэ, ІуэхущІапІэ зэхуэмыдэхэм, Къэрал Думэм и комитетхэм, «Урысей зэкъуэт» партым и унафэщІхэм».

Республикэм и Іэтащхьэм къыхигъэщащ къэщта законыр гъэхьэзырыным Къэбэрдей-Балъкъэрым и лІыкІуэхэри зэрыхэтар, Къэрал Думэм и комитетхэм жыджэру зэрыщылэжьар.

Бюджетым и проектыр етІуанэ къеджэгъуэм щыхуагъэхьэзырым халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм ящыщщ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыхуаутІыпщ мылъкум сом мелард 6,1-рэ къыщІыгъуныр теухуари. Абы щыщу сом мелард 2,1-р хуаутІыпщынущ школыщІэхэр ухуэным, щыІэхэм зегъэубгъуным. Апхуэдэуи а ахъшэм щыщ трагъэкІуэдэнущ лыжх узыр зэфыкІхэм щеІэзэ центрыр, Налшык къалэ езанэ поликлиникэм и унэщІэр, ЩІалэгъуалэм творчествэмкІэ я уардэунэр (Театрхэм я уардэунэр) ухуэным, канализацэм, къалэр гъэкъэбзэным ехьэлІа Іуэхухэр, Налшык къалэм и псэупІэ унэхэм къедза щыпІэхэр зэлузэпэщ щІыным. «Къуажэ гъуэгухэр» программэм щыщ Іуэхухэр зэфІэгъэкІыным сом мелуан 430-рэ, «ФІагъ лъагэ зиІэ автомобиль гъуэгухэр» жыхуиІэм сом мелуан 230-рэ къыхущІагъуащ. ЩІыналъэ бюджетыр иригъэкъужыным къыхуаутІыпщыну я мурадщ сом мелард 15,4-рэ, сом мелуан 798-рэ - бюджетым къыхэкІыу улахуэ зрат ІуэхущІапІэхэм ІэнатІэ щыпэрытхэм я лэжьапщІэм хагъэхъуэным трагъэкІуэдар иригъэкъужыным.

«А псори дыкъыщІалъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым ифІ зыхэлъ Іуэхухэм хуэлэжьэнущ, республикэм щыпсэухэм зезыгъэужьынщ. ЖысІэпэнщи, ди депутатхэр апхуэдэу фІыуэ нэхъапэм зэи лэжьакъым. ЗэІущІэм хэтхэм си гум къыбгъэдэкІыу фІыщІэ фхузощІ зэфІэвгъэкІа лэжьыгъэшхуэм, республикэм и хэхакІуэхэм къывагъэза дзыхьыр зэрывгъэпэжым папщІэ», - къыхигъэщхьэхукІащ КІуэкІуэ Казбек.

*КъБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-ІуэхущІапІэ.*

**«Анэм и щІыхь» медалыр ятыным и ІуэхукІэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Гъэсэныгъэ дахэ яхэлъу сабиитху е нэхъыбэ зэрапІам папщІэ «Анэм и щІыхь» медалыр ятын:

АКБУЛАТОВЭ Мариям Сэхьид и пхъум - сабии 6-м я анэм
АРУТЮНЯН Светланэ Іэдэм и пхъум - сабии 5-м я анэм
ГЪАЗЭ Джульеттэ Щамил и пхъум - сабии 5-м я анэм
ДАДЭ Жанетэ Руслан и пхъум - сабии 5-м я анэм
ЕМКЪУЖ Еленэ Дмитрий и пхъум - сабии 5-м я анэм
ЗАЛИХАНОВЭ ФатІимэ Ильяс и пхъум - сабии 5-м я анэм
КЪЭЗАНШ Мариannэ Іэниуар и пхъум - сабии 5-м я анэм
ДЖЫНАЗ Мадинэ Нурхьэлий и пхъум - сабии 7-м я анэм
КІУЭКІУЭ Иринэ МуІэед и пхъум - сабии 5-м я анэм
ЛОМОВЦЕВЭ Анастасие Андрей и пхъум - сабии 5-м я анэм
МЭРЕМЫКЪУЭ Ринатэ ДжэбрэІил и пхъум - сабии 5-м я анэм
МАСЛОВЭ Екатеринэ Григорий и пхъум - сабии 10-м я анэм
СОКЪУР Іэминат Рэмэзан и пхъум - сабии 8-м я анэм
СОЛОВЕЙ Иринэ Владимир и пхъум - сабии 5-м я анэм
ТЕМИРЖАНОВЭ Аурикэ Адрэхьмэн и пхъум - сабии 5-м я анэм
ХЬЭВЦІЫКІУ Іэминат Борис и пхъум - сабии 5-м я анэм
ШЭРЭІУЖЬ Аринэ Хьусен и пхъум - сабии 5-м я анэм
ЩОМАХУЭ Анжелэ Валерий и пхъум - сабии 9-м я анэм

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм щэкІуэгъуэм и 22-м*
*№127-УГ*



**Фи бынхэм я насып куэд флъагъуну, анэхэ!**

*Анэм и махуэм теухуауэ дгъэхьэзыра тхыгъэхэм фыкъыщеджэ 3-нэ напэкІуэцІым.*

# Кавказ Ищхъэрэм зэрызиужьыну щIыкIэм топсэлъыхь

**КIуэкIуэ Казбек Москва щыIэу хэтащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщI Мишустин Михаил иригъэкIуэкIа зэхуэсым. Абы щыхэплъащ Урысей Федерацэм и Президентым нэхъ пасэу къигъэува къалэнхэм тету Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ субъектхэм я экономикэм зэрызрагъэужьыну щIыкIэхэм.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэхэу Новак Александр, Хуснуллин Марат, Чернышенкэ Дмитрий, видеоконференц зэпыщIэныгъэ Iэмалхэм тету - КИФЩI-м хыхьэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэмрэ Правительствэхэм я унафэщIхэмрэ, корпорацэ, IуэхущIапIэ зыбжанэм я унафэщIхэр.

Мишустин Михаил жиIащ УФ-м Экономикэ зыужьыныгъэмкIэ и министерствэм щIыналъэхэм я зыхуэфащэ IуэхущIапIэхэр ящIыгъуу щIыпIэ экономикэхэм зэрызрагъэужьыну щIыкIэхэр зэрызэхалъхьар. «А мардэхэр дэтхэнэ щIыналъэми и дежкIэ увын хуейщ унафэ къыщащтэкIэ, зэфIагъэкIынухэр, программэхэр щызэхалъхьэкIэ зытетыпхъэхэу икIи Урысейм и Президентым къигъэува къалэн нэхъыщхьэхэр гъэзэщIэным хуэунэтIауэ щытыпхъэщ. Апхуэдэуи ахэр щIэгъэкъуэн яхуэхъун хуейщ иджыпсту щыIэ щытыкIэм къикIыу 2030 гъэм ирихьэлIэу зрагъэхъулIэнухэм хуэкIуэнымкIэ. Зэхэтлъхьа мардэхэм къыщыгъэлъэгъуащ демографие и лъэныкъуэкIэ щIыпIэхэм мы зэманым я Iуэху зытетыр, лэжьапIэ IэнатIэу зыхуэныкъуэр зыхуэдизыр, абы щэхуу лажьэ IэнатIэхэр экономикэм къыхэшэжыным хуэгъэзахэри хэту. КъищынэмыщIауэ, Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм хыхьэ хэкухэм я IэнатIэхэр зэрыт щытыкIэри щызэпкърыхащ абыхэм. Дэтхэнэ зы щIыналъэми хуэзэу Iуэху нэхъыщхьитху яубзыхуащ, абы къыдэкIуэу проект тхурытхуи хузэхалъхьащ. Ахэрщ нэхъыбэу зэлъытауэ щытынури щIыпIэхэм продукцэу къыщалэжьынур, Iуэхутхьэбзэу щащIэнур зыхуэдизынури, цIыхухэм я хэхъуэхэр нэхъыбэ зыщIынури икIи мылъку нэхъыщхьэм инвестицэхэр къыхегъэлъхьэнми хуэщхьэпэнущ, апхуэдэуи экономикэм IэнатIэ щыпэрытхэм я бжыгъэми хагъэхъуэнущ. Псори зэхэту проект 35-рэ зэхалъхьащ, зи гугъу сщIа IэнатIэхэм зегъэужьыным хуэгъэпсауэ. Ар туризмэрщ, мэкъумэш IэнатIэрщ, промышленностымрэ псэупIэ ухуэнымрэщ», - жиIащ Мишустин Михаил.

Къэбэрдей-Балъкъэр Рспубликэм экономикэ и лъэныкъуэкIэ зэрызиужьыну щIыкIэм инвестицэ проект 56-рэ хохьэ, 2030 гъэ пщIондэ ягъэзэщIэн хуейуэ. А проектхэм я Iыхьэ плIанэр туризм IэнатIэм ехьэлIащ, адрей инвестицэ проектышхуэхэм ящыщщ мэкъумэш IэнатIэм, псэупIэ ухуэным, информационнэ технологиехэм теухуахэр.



*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хэтащ къэралым и Правительствэм и комиссэм и зэIущIэм

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Москва щыIэу хэтащ Урысей Федерацэм и Правительствэм щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и комиссэм и президиумым и зэIущIэу Хуснуллин Марат видеоконференц зэпыщIэныгъэ мардэм тету щэкIуэгъуэм и 25-м иригъэкIуэкIам.**

ЗЭIУЩIЭМ щызэпкърахащ УФ-м и къэрал программэм - «Егъэджэныгъэ IэнатIэм зегъэужьын» жыхуиIэм - хыхьэу школхэр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыным ехьэлIа Iуэхухэр зэфIэгъэкIа зэрыхъум. Мы зэманым щIыналъэхэм щокIуэкI къэрал бюджетым щыщ субсидиехэр къыдэхыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр. Къуажэхэм дэт курыт еджапIэ 50 къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыныр хагъэхьэну я мурадщ программэм ипкъ иткIэ 2022 - 2023 гъэхэм ирагъэкIуэкIыну лэжьыгъэхэм.

Тепсэлъыхьащ «ПсэупIэмрэ къалэ кIуэцIым и зэIузэпэщагъымрэ» проектыр гъэзэщIа зэрыхъуми. Дызэрыт илъэсым республикэм щатынущ псэупIэу метр зэбгъузэнатIэ мин 513-рэ, 2022 гъэм я мурадщ метр зэбгъузэнатIэ мин 530-рэ ятыну. КъызэрабжамкIэ, 2021 гъэм и щIышылэ - щэкIуэгъуэ мазэхэм къриубыдэу псэупIэу ящIар метр зэбгъузэнатIэ мин 427,4-рэ хъунущ, 2020 гъэм и апхуэдэ пIалъэм ар проценти 105,3-кIэ хуокIуэ.

2024 гъэ пщIондэ «ПсэупIэ», «ЩIыналъэхэр, жылэхэр зэпызыщIэ гъуэгухэр» къэрал проектхэм хыхьэу ухуэныгъэхэр щрагъэкIуэкIынущ Налшык къалэ округым къедза жылэхэм. Абыхэм ящыщщ Эркин Езен хьэблэм, Мыщхъыдж жылэ цIыкIум, Хьэсэней къуажэм адэкIэ къыщыс хьэблэм, жыг хадэ гъэкIыпIэхэу Дубки-07, Сосрыкъуэ жыхуиIэхэм псы шэным, къагъэсэбэпар къыIушыным ехьэлIа лэжьыгъэхэр. «ПсэупIэ» къэрал проектым къызэрыщыгъэлъэгъуам тету, а щIыналъэхэм я ухуэныгъэхэм я инфраструктурэр зэтеухуэным сом мелуан 388-рэ хуаутIыпщыну я мурадщ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## КIуэкIуэ Казбек яхуэгузэващ Кузбассым къыщыхъуа насыпыншагъэм хэкIуэдахэм я унагъуэхэм

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Кемеровэ областым и губернатор Цивилев Сергейрэ щIыналъэм щыпсэухэмрэ яхуэгузэващ Кемеровскэ областым щыIэ «Листвяжная» фIамыщI къыщIэхыпIэм гузэвэгъуэ къызэрыщыхъуам къыхэкIыу. Абы хэкIуэдащ шахтэм щылэжьахэри ахэр къезыгъэлыну яужь итахэм ящыщхэри.**

«КЪЭБЭРДЕЙ-Балъкъэрым щыпсэухэм гущIыхьэ ящыхъуащ къэхъуа нэщхъеягъуэм теухуа хъыбарыр, «Листвяжная» фIамыщI къыщIэхыпIэм и лэжьакIуэхэри къегъэлакIуэхэри зэрыхэкIуэдар. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэухэми си щхьэми къабгъэдэкIыу сыфхуогузавэ Кемеровэ областым и губернатор Цивилев Сергей, щIыналъэм щыпсэухэм, хэкIуэдахэм я Iыхьлыхэмрэ я благъэхэмрэ икIи вжызоIэ фи гуауэр зэрызыхэтщIэр. Къэхъуам фэбжь хэзыхахэр икIэщыпIэкIэ узыншэ хъужыну ди гуапэщ», - щитхащ КIуэкIуэ Казбек социальнэ сетым щиIэ напэкIуэцIым.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*



## Ди блэкIар зэхьэкIауэ къыщратхыкIыж къэбгъэхъу хъунукъым

**КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек Москва щыIэу хэтащ Урысейм ЗыхъумэжыныгъэмкIэ и министерствэм иригъэкIуэкIа VII щIэныгъэ-практикэ конференцым. Ар теухуат Урысей Федерацэм зыхъумэжыныгъэ и лъэныкъуэкIэ къыпэщыт къалэнхэр зэфIэгъэкIа хъун папщIэ IуэхущIапIэхэр хъыбархэмкIэ зэхъуэжэным иIэ мыхьэнэм.**

УРЫСЕЙМ зыхъумэжыныгъэмкIэ и министр, армэм и генерал Шойгу Сергей жиIащ: «Нацизмэм и хабзэхэр яIэт щыхъуа, ди блэкIар зэхьэкIауэ къыщратхыкIыж, совет цIыхубэм къигъэлъэгъуа лIыхъужьыгъэм и инагъыр, абы дуней псор фашизмэм текIуэным хуищIа хэлъхьэныгъэр щагъэмащIэ - мис апхуэдэ щапхъэхэм дэ кIуэ пэтми нэхъыбэрэ дрихьэлIэ хъуащ. Къыхэдгъэщынщи, зы илъэсым нэхърэ къыкIэлъыкIуэм щытыкIэр абы и лъэныкъуэкIэ нэхъыкIэ мэхъу икIи абы набдзэгубдзаплъэу ди нэIэ тедгъэтын хуейуэ къоув».

Шойгу жиIащ ЕтIуанэ дунейпсо зауэм теухуа пэжыр хъумэным теухуа лэжьыгъэр щытыкIэ къызэрымыкIуэхэм диту егъэкIуэкIын хуей зэрыхъур. «Ди дежкIэ а зауэр щыташ икIи къэнэжынущ Хэкур щытхъумэжа зауэшхуэу», - къыхигъэщхьэхукIащ министрым. Абы фIыщIэ яхуищIащ, игъэпэжащ министерствэ, IуэхущIапIэ, Урысей Федерацэм и щIыналъэ зыбжанэ, къэралыр хъумэным ехьэлIа Iуэхухэм къыщахьа ехъулIэныгъэхэм папщIэ.

*КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.*

## КъБР-м и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр 2021 гъэм щэкIуэгъуэм и 30-м зэхэтынущ.

ЗэIущIэм щыщIидзэнур сыхьэти 10-рщ.

*КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.*

## Хэкупсэ нэс



**Зыхалъхуа лIэщIыгъуэм гу хьэлэлрэ псэ къабзэкIэ гуащIафIэу хуэлажьэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт Дадэ Суфэдин (Исмел) Iэбузед и къуэр ди республикэм цIэрыIуэ щыхъуащ лъэпкъым хуэщхьэпэну зэфIиха Iуэхугъуэхэмкiэ. Суфэдин и ныбжьыр нобэ, щэкIуэгъуэм и 27-м, илъэс 70 ирокъу.**

«СССР-м цIыхухэм щIэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ и отличник», «КъБР-м щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ» цIэ лъапIэхэр, дамыгъэхэр хуэфащэ дыдэу зезыхьэ Дадэр 1993 гъэм къыщыщIэдзауэ КъБР-м и Парламентым и хэхыгъуищым я депутату щытащ. ЦIыхубэм я дзыхь ирагъэзу, жэуаплыныгъэ зыпылъ а къулыкъу лъагэр зыхуагъэфэща Суфэдин и жэрдэмкIэ а лъэхъэнэм Парламентым къищтащ адыгэ лъэпкъым и къэкIуэну дахэм хуэгъэпса унафэ куэд.

Политикым, жылагъуэ лэжьакIуэм, цIыхугъэ лъагэ зыхэлъ хэкупсэ нэсым дохъуэхъу къыщалъхуа махуэмкIэ. Узыншэу, зэфIигъэкI лэжьыгъэхэм я хъер илъагъуу, и гурылъхэмрэ мурадхэмрэ зэтехуэу куэдрэ псэуну, и пщIэмрэ и щIыхьымрэ хэхъуэ зэпыту дунейм тетыну Тхьэм жиIэ.

Дадэ Суфэдин теухуа тхыгъэ ди газетым и къыдэкIыгъуэхэм ящыщ зым тетынущ.

*Дунейпсо Адыгэ Хасэр,*
*Къэбэрдей Адыгэ Хасэр,*
*«Адыгэ псалъэ» газетыр,*
*«Iуащхьэмахуэ» журналыр.*

# Мазэ нуру псэр зыгъэнэху

**Хабзэ хъуауэ, щэкIуэгъуэм и иужьрей тхьэмахуэ махуэм Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ Анэм и махуэр. Бзылъхугъэу щыIэм я нэхъ лъапIэм, анэм, и махуэр ди къэралым зэрыщагъэуврэ мы гъэм илъэс 20 мэхъу. Абы теухуа унафэ щхьэхуэ УФ-м и Президентым къищтауэ щытащ 1998 гъэм.**

«КЪАЛЭНХЭМ я нэхъ гугъур бын гъэсэнырщ, цIыхум я нэхъ лъапIэр анэращ», - жаIэ игъащIэми. Анэм и мыхьэнэр армырами зэрылъагэр, абы хуэдэу псэ хьэлэлрэ бзэ IэфIрэ, гу зэIухарэ Iэщабэрэ зиIэ Тхьэшхуэм къигъэщIахэм зэрахэмытыр хьэкъщ, итIани, къэрал унафэкIэ ягъэува а махуэшхуэм иджыри зэ къегъэлъагъуэ жылагъуэм, дэтхэнэ цIыхум и дежкIи анэм мыхьэнэуэ иIэр, абы гулъытэ хэха зэрыхуэщIыпхъэми аргуэру гу лъыдегъатэ.

Анэм хуэдэу зыми зыхищIэфынукъым быным и гукъеуэри гузэвэгъуэри. Анэпсэр дапщэщи хущIокъу бынир зэрихъумэным. Абы и гулъытэм, и лъагъуныгъэмрэ лъэкIыныгъэмрэ куэдкIэ елъытащ быным и Iуэхур адэкIэ зэрыхъунур, абы гъащIэм щигъуэтыну увыпIэр. Ди анэхэращ тхэлъ хьэл-щэнхэм я нэхъыфIхэр къытхэзылъхьэфыр, ахэращ ди насыпыр зэтеувэнымкIэ гугъу зыкъыддезыгъэхьыр. Аращ адыгэ псалъэжьым «Анэр нэм хуэдэщ» щыжиIэр. Нэр къэмыплъэмэ, цIыхур хокIыж, нэсу зыхищIэркъым дунейм и фIыгъуэхэм ящыщ куэдым - апхуэдэщ анэ лъагъуныгъэм, IэфIыгъэм, щабагъэм уахуэныкъуэнри. Абы и жьауэм щIэмыт быныр дыгъэми елыпщI, жьапщэри къопхъэшэкI. Апхуэдизу быныр зи хъуахуэ анэм хуэфэщэн гулъытэ щыхуэдмыщIи къохъу. УсакIуэми гу зэрылъитащи, «жьэгу мафIэм хуэдэ анэ лъагъуныгъэр къыщытлъыхъуэжыр щыIэкъым дыщисым дежщ». Дахущывгъэт ди анэхэм гумащIэу, ди псалъэ гуапэрэ дахэрэ хуремыныкъуэ ахэр.

Анагъэм къыдэкIуэу, бзылъхугъэхэм ящыщ куэдым я къарурэ зэфIэкIрэ ирахьэлIэ республикэм и зыужьыныгъэр егъэфIэкIуэным, экономикэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэр къэIэтыным. Дэ ди мащIэкъым бзылъхугъэ-политикхэр, бзылъхугъэжылагъуэ лэжьакIуэхэр, медицинэм, егъэджэныгъэм, щэнхабзэм, сатум, гъащIэм и нэгъуэщI лъэныкъуэхэми ехъулIэныгъэ лъагэхэр щызыIэрызыгъэхьа цIыхубзхэр. Абыхэм яхэтщ анэ быныфIэхэр, анэшхуэ Iумахуэхэр.

Анэхэм яхуэфащэ гулъытэ ягъуэтын папщIэ, ди къэралым щолажьэ социальнэ проект хэхахэр. Абыхэм ящыщ дэтхэнэри анэхэм я социальнэ пщIэр хэзыгъахъуэщ, я къалэнхэр ящызыгъэпсынщIэщ. Апхуэдэхэм я нэхъыфIхэм ящыщщ «Анэм (унагъуэм) и мылъку» лъэпкъ проектыр. ИлъэситIым щIигъуащ а проектыр ди къэралым зэрыщылажьэрэ.

Быным я нэху, я гъащIэ гъуазэ анэм и щIэблэм яхуиIэ лъагъуныгъэр къызэрупщыфын мылъку щыIэкъым. А цIыхум и псэр абыхэм сыт щыгъуи яхузэIухащ, и щIэблэм папщIэ сыт хуэдэ гугъуехьми пэщIэтыфынущ, и псалъэхэмрэ IуэхущIафэ нэхъыщхьэхэмри зыхуэгъэпсар и сабийр фIым, дахагъэм хуэущиинырщ, гъуэгу захуэ тегъэувэнырщ.

Нобэрей махуэшхуэмкIэ дохъуэхъу анэ псоми. БынхэмкIэ яIэ хъуэпсапIэхэр нахуапIэ хъуэ, къащIэхъуэ щIэблэм я гулъытэ щымыщIэу, абыхэм я гузэвэгъуэ ямылъагъуу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ къырату куэдрэ Тхьэм игъэпсэу дэтхэнэ анэри.

А фIыгъуэр - анэр - зиIэхэми куэдрэ Тхьэм къыфхуихъумэ. КъыфхурегуфIэ фи анэхэр дапщэщи, мазэ нуру фи псэр ягъэнэхуу. Анэ гупсэрэ бын гумащIэрэ щремыщIэ зэи ди гъащIэр, ди дунейр.

ЖЫЛАСЭ Маритэ.

# ГъащIэ зыт



Си анэ МахуэлI Ритэ.

**Дахагъэу щыIэу хъуар Iэпэгъу фхуэхъуныр си гугъапIэу, сэлам гуапэ фызох адыгэбзэр зи гъащIэ дэкIуасэхэм, абы пщIэ лей хуэзыщIхэм! «Адыгэ псалъэм» сынэтхэным щхьэусыгъуэ хуэхъуащ иджыблагъэ сызрихьэлIа зы Iуэхугъуэ. ЛэжьапIэ нэужьым гъуэгум сащыхуэзащ зэанэ-зэпхъу. Хъыджэбзыр и анэм зэрепсэлъа, зэрызыхуищIа псори си нэгу щIэтщи, слъэкIакъым «гъащIэр зыт анэм» сытемытхыхьын.**

**ГъащIэ зыт анэ, гъащIэ зыт анэ, узэзгъэщхьынур къысхуэмыгъуэт… ФагъуэIуэщ си бзэр, пэлъэщкъым си псэр. КъызэщIохъае псэ гумэщIар... БлокI зэманыр, макIуэр гъащIэр… ЦIыхум зехъуэж, Iуэхугъуэ гуэрхэри гум щогъупщэж. Ауэ сыт хуэдэ зэмани, сыт хуэдэ лъэхъэникI гум имыхуу, хуабэу, гуапэу, щабэу илъщ анэр.**

АНЭ… Сыт хуэдиз IэфIагъэрэ гуапагъэрэ къуитрэ мы зы псалъэм, сыту мыхьэнэ куэд къикIрэ мыбы.

«Анэр анэщ», - жыпIэмэ, абы псори къокI: укъызэрилъагъури зэрыплъагъужри, къыпхуиIэ щытыкIэри хуиIэжри, зэрумыужэгъури укъызэримыужэгъури. Куэдрэ, куэдыщэрэ, уеблэмэ игъащIэкIэ зэрыбгъэпсэунури. Анэм и IэфIщ япэ дыдэ зыхэпщIэри, зи хуабэ къыплъысри, зи лъагъуныгъэ мыкIуэщIкIэ зозыгъэгъэнщIри. Аращ уи унэр дыщэкIэ зыблэну яужь итри, псоми нэхърэ нэхъ насыпыфIэ уищIыну хущIэкъури, игъащIэкIэ къомыфыгъуэнукъомыижынури, сыт хуэдиз ехъулIэныгъэ е къулеягъэ умыгъуэтами.

ГъащIэ мыхъумыщIэми, зэман бзаджэми а зырщ - анэрщ - зызымыхъуэж къанэр: и сабийм тегужьеикIауэ, жей лъэпкъ имыщIэу, абы и псэукIэ, пIыкIэ хъунум йогупсыс. Анэр сыт щыгъуи быным папщIэ хыхьэфынущ мафIэм.

ЦIыхум гузэвэгъуэ къыщылъысам деж ипэ псалъэу а гузэвэгъуэм къыхихыжыфыр «мамэ» жыхуиIэ а псалъэ закъуэрщ. ЩIым дытетыф дызэрыхъуу, жьым дытесу псым депыджын щIыдодзэ. Ауэ анэгур маблэ, анэпсэм ди гъащIэр нэху тщещI. Анэгур дэнэкIи мажэ: быныр егъэджэн хуейщ, унагъуэ хъун хуейщ, абы пыщIа дэтхэнэ зы Iуэхугъуэри зи фэм нэхъыбэу дэкIыр анэрщ. Анэгур тхьэмыщкIэщ. И быныр «мыпхуэдэ сыхьэтым къэкIуэж», - жиIэу щIигъэкIарэ къэгувамэ, мафIэм ирегъэс, псым ирегъэтхьэлэ, мыгъуагъэ куэдым анэпсэм къыщежыхь...

ЩIалэгъуалэм куэдым къагурыIуэркъым анэм къытхуищIэ псор. Анэм и джэ макъи и лъэIуи ди тхьэкIумэм щызэхимых щыIэщ. Ауэ анэм и джэ макъыр псом нэхърэ нэхъапэщ.

Дунейм узэрыхэплъэр, уззыгъэлъагъур, IэфI къыпщызыщIыр нэращи, анэр нэ пэлъытэщ.

Анэм къуитар къуетыпэ, анэIэм къыIэщIэкIам нэхърэ нэхъ хьэлэл щыIэкъым. Анэм къуит тыгъэр чэнджащи щIегъуэжи зыхэмылъ гуапагъэщ. УкъыщIалъхуа махуэм щыщIэдзауэ анэм хузэфIэкI псори къыпхуещIэ. А псоми урегъэгупсыс «АнэгукIэ къеIэри, анэIэкIэ къитри, къызитам къысхуищIащ» жыхуиIэ псалъэжьым. Уэри укъэзылъхуа, гугъу апхуэдизрэ къыбдехьа анэм и хьэкъышхуэ зэрыптелъыр зэи зыщыбгъэгъупщэ хъунукъым. ЩIымахуэ щыIи, жьапщэ махуи анэм дыгъэр къытхурегъэпсыф, уэрэдыр щIыналъэм макъыбэу зэрылъэлъу щегъэIуф.

Апхуэдэщ сэ си анэ МахуэлI (Къанкъул) Ритэ. Абы хузогъэпс си гум къыпылъэда мы сатырхэр. Къапщтэмэ, анэм хужамыIа, хуамытха псалъэ гъуэтыгъуейщ. Ауэ дэтхэнэ псалъэри гурыхьщ ар гум, псэм къыбгъэдэкIмэ:

**ЖаIамэ цIыхухэм жьы хъуауэ анэр**
**Мычэму си гур сэ къызэфIонэ.**
**А псалъэ жагъуэу гум сэ хэзыIур**
**ФIэмыкIыу си Iум, тэмакъым фIонэ.**
**Зэпыу имыIэу псэ хуабэ зытыр**
**Сыт-тIэ щIэфлъытэр хъуауэ ар нанэ?!**
**Жэщ хъуху мыпсэхуу цIыхуным фIэбэр**
**Гъуэлъамэ пIэм фщымыхъу пIэхэнэ.**
**Игу къыдэмыжми, щхьэлажьэу хэлъми**
**АнэIэ щабэр къодахэщIэф.**
**Уигу химыгъэщIу, узыр пщибзыщIу**
**Дахагъэ къыбжиIэу и псэм ухэлъщ.**
**Гъэдахэ анэр,щыщIагъэ данэ**
**УмыщI и жагъуэ, ар къыпхуэгъункъым.**
**Зыгуэркiэ анэм и жагъуэ пщIамэ,**
**Къэщтэжи псалъэр - жагъуэ щыхъункъым.**
**Анэгур щIалэщ, дэгуфIэу щIэблэм**
**Дыгъэ нурыфIэу зэщIэблэу маблэр.**
**Анэпсэр махэщ, еубзэ дахэм.**
**Арщ зыщIэхъуэпсыр анэ гу къуэпсыр…**

Фи анэхэр Тхьэм фхуигъэпсэу, я жьауэм куэдрэ Тхьэм фыщIигъэт.

**МАХУЭЛI Бесльэн,**
*егъэджакIуэ.*
*Дзэлыкъуэ щIыналъэ*



Усэхэр

МЫКЪУЭЖЬ Анатолэ

## АНЭ

ГъащIэр ехь
И быным тегужьеикIауэ:
Жьыр къепщамэ,
ФIощI ирихьэжьэн.
Къытехъуам уэлбанэ,
Унэм ар щIэкIауэ,
Псыдзэм ихьын фIэщIу,
Ныпежьэнщ.
Химыгъэхьэ жэщым,
Химыгъэхьэ щIыIэм -
ФIощIыр псоми
Зыгуэр къращIэн...
Дыгъэ закъуэрщ анэм
Дзыхь зыхуищIу щыIэр:
А тIум зэщхьщи аращ
я хьэл-щэн.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

## МАМЭ

Къалэм тхылъымпIэм
зэрыхуэсхьрэ
Пхуэстхыну усэ сыщIохъуэпс.
… Сэ къыщысфIэщIми
гуауэм сихьу -
Ар имыуасэ уи зы нэпс.
ГуфIэгъуэ иным сызэщIищтэу
Сэ къыщысщыхъуми сылъэтэн, -
Уи быным Iэнэ къыщыхуэпщтэм
УиIэ гухэхъуэм пэслъытын?
Бгъдызшэм щIыгъуу
къысIурыплъхьа бзэм
Сыхэщыпыхьу схьыми сэ, -
Уэрэд
Мы си гум убзэрабзэу
Пхуиусым сфIощIыр хэмыт псэ.
ЗэфIызотхъыжри ар -
Аргуэру
Уи гъащIэм хуэфэщэн уэрэд
ХуэбампIэу
Си гурыщIэр уэру
Къоу сигуми -
Ари сщохъур нэд.
КъысхуигъэтIасэркъым си усэм:
Махуэл уи гъащIэм зэ щумыщI,
Уэ зебгъэщIауэ зыбгъэпсэхуу
Слъэгъуакъым, сохъури илъэс плIыщI.
СыщыгъуэлъыжмиI я нэхъ кIасэу,
Сыжеижьыху укъысщхьэщытщ,
Сыкъыщытэджми я нэхъ пасэу,
Жьэгум ущIэпщэу упэрытщ.
… Иджы, си гугъэр хэсхыжауэ,
УсакIуэу мы дунейм тетам
Щытар я анэм хуаусауэ
Зэхузохьэсри -
Мы сигу плъам
А уэрэд псори зэпелъытыр, -
Зэм хохъуэр си гур,
Зэми - хощI:
Тхыгъэ нэхъыфIу ахэм хэтри
Уи закъуэ пхуауса къысфIощI.

КЪАГЪЫРМЭС Борис

## СИ АНЭМ ДЕЖ

Шхын IэфIхэр Iэнэм
къытеплъхьауэ,
Аргуэру дэ дызэбгъэдэсщ.
Гу махэ дыдэ укъэхъуауэ,
Уолъэщ кIэпхынымкIэ уи нэпс.
«КъэкIуэж нэхъ щIэхыурэ,
си щIалэ, -
ЖыбоIэ, - плъагъукъэ,
жьы сыхъуащ.
Жыжьэж си гугъэкъым ажалыр,
ПщIыхьэпIэу уи адэри слъэгъуащ…
Шхэт уэ, едзакъэт. Сыт, на,
къэзбжыр?..
Ди джэдхэр, дауи, тIысыжащ,
Згъэбыдэжынщ ди джэдэщыбжэр», -
Уи псалъэр зэу щIэплъэфыжащ.
Ей, сянэ, сянэ! Уэ узахуэщ,
Солъагъу уи щхьэцу уэсу тхъуар.
Уимылъу сигу мыкIуа зы махуэ,
Узмыщ1 уи гугъэми хьымпIар.
Уи бын уи гъусэу мыпсэуныр
ЗищIысыр сэри зыхэсщIащ…
Збгынэнкъым, хьэуэ, сэ ди унэр,
Мис, ноби уэ сурихьэщIащ.
Уэ пщIэркъэ - гъащIэр жьапщэ инщи,
Дунейм цIыху цIыкIур щрекъухь,
ЖимыIэу: «Мор мобы и бынщи,
Зэбгъэдырес, жьы хъуар гуэныхьщ».
Аращ зэманыр, хьэщIэм хуэдэу,
Дыкъыфхуокlуэж, фыдощI пIейтей.
ДыщыIэм махуэ - ар тфIэкуэду
Дожьэж, докIуэж адрей «дыдейм».
Узыншэу, мамэ! Умыдзыхэ,
Нэхъ мащIэу пщIыхьхэм егупсыс.
ТхьэмыщкIэр - быни зимыIэххэрщ.
Мы усэр уи къуэм уэ пхуеус.

# ТВ НЭТЫНХЭР

## Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 29

### 1

**05.00, 09.25** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.50** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «Модный приговор» (6+)
**12.15, 01.15, 03.05** «Время покажет» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**17.00** «Время покажет» с Артемом Шейниным (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «На самом деле» (16+)
**19.45** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**21.30** Т/с «Вертинский» (16+)
**23.40** «Вечерний Ургант» (16+)
**00.00** «Познер» (16+)

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.30** «Утро России»
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Судьба человека с Борисом Корчевниковым» (12+)
**12.40, 18.40** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.55** Т/с «Кулагины» (16+)
**17.15** «Андрей Малахов. Прямой эфир» (16+)
**21.20** Т/с «Ключ от всех дверей» (16+)
**23.35** «Вечер с В. Соловьевым» (12+)
**02.20** Т/с «Идиот» (16+)
**04.10** Т/с «Личное дело» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «Мухтар. Новый след» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.15** Сегодня
**08.25, 10.25** Т/с «Морские дьяволы. Особое задание» (16+)
**13.25** Чрезвычайное происшествие
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «Горячая точка» (16+)
**23.40** «Основано на реальных событиях» (16+)
**01.30** Х/ф «Параграф 78» (16+)
**02.55** «Агентство скрытых камер» (16+)
**03.25** Т/с «Провинциал» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.30** Х/ф «22 минуты» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 21.15** Новости дня (16+)
**09.25, 01.25** Х/ф «Свинарка и пастух» (16+)
**11.20, 21.25** «Открытый эфир». Ток-шоу (12+)
**13.25, 14.05, 03.30** Т/с «Смерть шпионам!» (16+)
**14.00** Военные новости (16+)
**18.30** «Специальный репортаж» (16+)
**18.50** «Наука и война» Д/с. «Победа в воздухе» (16+)
**19.40** «Скрытые угрозы» с Николаем Чиндяйкиным. «Альманах №81» (16+)
**20.25** «Загадки века с Сергеем Медведевым» Д/с. «Секретная депортация по-европейски» (12+)
**23.05** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.40** Х/ф «Прорыв» (16+)
**02.50** Д/ф «Выдающиеся летчики. Александр Федотов»

### РОССИЯ К

**06.30, 07.00, 07.30, 08.30, 10.00, 15.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**06.35** «Пешком...». Москва итальянская
**07.05** Невский ковчег. Теория невозможного. Николай Курнаков
**07.35, 18.35, 01.00** Д/ф «Армия строителей Древнего Рима»
**08.35** Х/ф «Музыкальная история» (16+)
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.00** ХХ век. «Встреча с заслуженным тренером СССР А. Гомельским»
**12.15** Дороги старых мастеров. «Магия стекла»
**12.25** Д/ф «Книга»
**13.10** 55 лет Евгению Миронову. «2 Верник 2»
**14.05, 22.15** Т/с «Имя Розы» (16+)
**15.05** Новости. Подробно. АРТ
**15.20** «Агора». Ток-шоу
**16.20** Цвет времени. Ван Дейк
**16.35** Х/ф «Анна Петровна» (16+)
**17.45, 01.55** Мастер-класс. Давид Герингас
**19.45** Главная роль
**20.05** Торжественное открытие XXII Международного телевизионного конкурса юных музыкантов «Щелкунчик»
**21.40** Д/ф «Франция. Замок Шамбор»
**23.10** Д/с «Зоя Богуславская. Мои люди»
**02.45** Цвет времени. Жорж-Пьер Сера

### МАТЧ!

**06.00, 09.00, 11.20, 13.35, 15.55, 22.25** Новости
**06.05, 21.00, 00.00** Все на Матч! Прямой эфир
**09.05** Автоспорт. Российская серия кольцевых гонок. Итоги сезона (0+)
**09.35** «Игры Титанов» (12+)
**10.30, 02.55** Зимние виды спорта. Обзор (0+)
**11.25** «Есть тема!» Прямой эфир
**12.25** «Специальный репортаж» (12+)
**12.45, 13.40** Х/ф «Кто есть кто?» (16+)
**15.05** Футбол. Тинькофф Российская Премьер-лига. Обзор тура (0+)
**16.00** «Громко». Прямой эфир
**16.55** Футбол. Тинькофф Российская Премьер-лига. «Уфа» - «Спартак» (Москва)
**18.55** Футбол. Тинькофф Российская Премьер-лига. «Арсенал» (Тула) - «Локомотив» (Москва)
**21.55** Тотальный футбол (12+)
**22.30** Церемония вручения награды «Золотой мяч»

## Гъубж, щэкIуэгъуэм и 30

### 1

**05.00, 09.25** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.50** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «Модный приговор» (6+)
**12.15, 01.25, 03.05** «Время покажет» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**17.00** «Время покажет» с Артемом Шейниным (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «На самом деле» (16+)
**19.45** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**21.30** Т/с «Вертинский» (16+)
**22.45** «Док-ток» (16+)
**23.40** «Вечерний Ургант» (16+)
**00.20** «Эдуард Артемьев. Обыкновенный гений» (12+)

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.30** «Утро России»
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Судьба человека с Борисом Корчевниковым» (12+)
**12.40, 18.40** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.55** Т/с «Кулагины» (16+)
**17.15** «Андрей Малахов. Прямой эфир» (16+)
**21.20** Т/с «Ключ от всех дверей» (16+)
**23.35** «Вечер с В. Соловьевым» (12+)
**02.20** Т/с «Идиот» (16+)
**04.10** Т/с «Личное дело» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «Мухтар. Новый след» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.15** Сегодня
**08.25, 10.25** Т/с «Морские дьяволы. Особое задание» (16+)
**13.25** Чрезвычайное происшествие
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «Горячая точка» (16+)
**23.40** «Основано на реальных событиях» (16+)
**01.10** Х/ф «Параграф 78. Фильм 2-й» (16+)
**02.50** «Агентство скрытых камер» (16+)
**03.30** Т/с «Провинциал» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.10, 13.25, 14.05, 03.30** Т/с «Смерть шпионам!» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 21.15** Новости дня (16+)
**09.25, 01.30** Х/ф «Табачный капитан» (16+)
**11.20, 21.25** «Открытый эфир». Ток-шоу (12+)
**14.00** Военные новости (16+)
**18.30** «Специальный репортаж» (16+)
**18.50** «Наука и война» Д/с. «Битва за недра» (16+)
**19.40** «Легенды армии с Александром Маршалом» (12+)
**20.25** «Улика из прошлого» (16+)
**23.05** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.40** Х/ф «Без права на ошибку» (16+)
**02.50** Д/ф «Выдающиеся летчики. Олег Кононенко»

### РОССИЯ К

**06.30, 07.00, 07.30, 08.30, 10.00, 15.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**06.35** «Пешком...». Москва киношная
**07.05, 20.05** «Правила жизни»
**07.35, 18.35, 02.00** Д/ф «Ватикан - город, который хотел стать вечным»
**08.35** Д/с «Первые в мире»
**08.50, 16.35** Х/ф «Анна Петровна» (16+)
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.00** ХХ век. «Песня-78. Финал»
**13.15** Острова. Роман Кармен
**14.00, 22.15** Т/с «Имя Розы» (16+)
**15.05** Новости. Подробно. Книги
**15.20** Вспоминая Ирину Антонову. Пятое измерение
**15.50** Острова. Эдуард Артемьев
**17.50** Мастер-класс. Йоханнес Фишер
**19.45** Главная роль
**20.30** Вспоминая Ирину Антонову. История искусства
**21.30** «Белая студия»
**23.10** Д/с «Зоя Богуславская. Мои люди»

### МАТЧ!

**06.00, 09.00, 11.15, 13.35, 15.40, 18.00, 22.35** Новости
**06.05, 21.45** Все на Матч! Прямой эфир
**09.05** «Специальный репортаж» (12+)
**09.25** «Игры Титанов» (12+)
**11.20** «Есть тема!» Прямой эфир
**12.20** Все на регби!
**12.50, 13.40** Х/ф «Игра в четыре руки» (16+)
**15.10, 15.45** Х/ф «Бесстрашный король кунг-фу» (16+)
**17.05, 18.05** Х/ф «Дуэль» (16+)
**19.25** Хоккей. КХЛ. ЦСКА - «Металлург» (Магнитогорск)
**22.40** Футбол. Чемпионат Италии. «Салернитана» - «Ювентус»
**00.45** «Есть тема!» (12+)
**01.05** Т/с «Сговор» (16+)
**02.55** Гандбол. Лига Европы. Мужчины. «Лемго» (Германия) - «Чеховские Медведи» (Россия) (0+)
**04.00** Новости (0+)
**04.05** Футбол. Чемпионат мира-2023 г. Отборочный турнир. Женщины. Дания - Россия (0+)

## Бэрэжьей, дыгъэгъазэм и 1

### 1

**05.00, 09.25** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.50** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «Модный приговор» (6+)
**12.15, 01.25, 03.05** «Время покажет» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**17.00** «Время покажет» с Артемом Шейниным (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «На самом деле» (16+)
**19.45** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**21.30** Т/с «Вертинский» (16+)
**22.45** «Док-ток» (16+)
**23.40** «Вечерний Ургант» (16+)
**00.20** К 125-летию со дня рождения Георгия Жукова. «До и после Победы» (12+)

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.30** «Утро России»
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Судьба человека с Борисом Корчевниковым» (12+)
**12.40, 18.40** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.55** Т/с «Кулагины» (16+)
**17.15** «Андрей Малахов. Прямой эфир» (16+)
**21.20** Т/с «Ключ от всех дверей» (16+)
**23.35** «Вечер с В. Соловьевым» (12+)
**02.20** Т/с «Идиот» (16+)
**04.10** Т/с «Личное дело» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «Мухтар. Новый след» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.15** Сегодня
**08.25, 10.25** Т/с «Морские дьяволы. Рубежи Родины» (16+)
**13.25** Чрезвычайное происшествие
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «Горячая точка» (16+)
**23.40** «Поздняков» (16+)
**23.50** «Основано на реальных событиях» (16+)
**02.45** «Агентство скрытых камер» (16+)
**03.30** Т/с «Провинциал» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.05** Т/с «Смерть шпионам!» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 21.15** Новости дня (16+)
**09.20, 01.35** Х/ф «Трембита» (16+)
**11.20, 21.25** «Открытый эфир». Ток-шоу (12+)
**13.25, 14.05, 03.30** Т/с «Смерть шпионам. Крым» (16+)
**14.00** Военные новости (16+)
**18.30** «Специальный репортаж» (16+)
**18.50** «Наука и война» Д/с. «Дорога жизни» (16+)
**19.40** «Главный день». «Песня «День Победы» (16+)
**20.25** «Секретные материалы» Д/с (16+)
**23.05** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.40** Х/ф «Неслужебное задание» (16+)
**03.05** Д/ф «Бой за берет»

### РОССИЯ К

**06.30, 07.00, 07.30, 08.30, 10.00, 15.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**06.35** «Пешком...». Москва дворовая
**07.05, 20.05** «Правила жизни»
**07.35, 01.10** Д/ф «Осажденные крепости. Легендарные битвы»
**08.35** Цвет времени. Ван Дейк
**08.45** Х/ф «Анна Петровна» (16+)
**10.15** «Наблюдатель»
**11.15, 14.10, 15.05, 17.10** XXII Международный телевизионный конкурс юных музыкантов «Щелкунчик». II тур
**13.20** Д/ф «Таир Салахов. Все краски мира»
**16.15** «Белая студия»
**19.15** Д/с «Забытое ремесло»
**19.45** Главная роль
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Абсолютный слух. Альманах по истории музыкальной культуры
**21.30** Д/ф «Маршал Жуков. Память»
**22.15** Т/с «Имя Розы» (16+)
**23.10** Д/с «Зоя Богуславская. Мои люди»
**00.00** ХХ век. «100 ролей Ролана Быкова». 1989 г.
**02.00** Д/ф «Вероника Дударова. Свою биографию я рисовала сама»

### МАТЧ!

**06.00, 09.00, 11.15, 13.35, 15.40, 18.00, 22.50** Новости
**06.05, 20.00, 22.25** Все на Матч! Прямой эфир
**09.05, 12.20** «Специальный репортаж» (12+)
**09.25** Х/ф «Бесстрашный король кунг-фу» (16+)
**11.20** «Есть тема!» Прямой эфир
**12.40** Смешанные единоборства. AMC Fight Nights. Александр Емельяненко против Марсио Сантоса (16+)
**13.40** Х/ф «Полный нокдаун» (16+)
**15.45** Х/ф «Скалолаз» (16+)
**18.05** Х/ф «Брюс Ли. Рождение Дракона» (16+)
**20.25** Футбол. Чемпионат Италии. «Интер» - «Специя»
**22.55** Футбол. Чемпионат Франции. ПСЖ - «Ницца»
**00.55** «Есть тема!» (12+)
**01.15** Т/с «Сговор» (16+)
**03.05** Баскетбол. Евролига. Женщины. УГМК (Россия) - «Авенида» (Испания) (0+)
**04.00** Новости (0+)
**04.05** Волейбол. Лига чемпионов. Мужчины. «Зенит» (Россия) - «Бенфика» (Португалия) (0+)

## Махуэку, дыгъэгъазэм и 2

### 1

**05.00, 09.25** «Доброе утро»
**09.00, 12.00, 15.00, 03.00** Новости
**09.50** «Жить здорово!» (16+)
**10.55** «Модный приговор» (6+)
**12.15, 01.25, 03.05** «Время покажет» (16+)
**15.15** «Давай поженимся!» (16+)
**16.00** «Мужское/Женское» (16+)
**17.00** «Время покажет» с Артемом Шейниным (16+)
**18.00** Вечерние новости
**18.40** «На самом деле» (16+)
**19.45** «Пусть говорят» (16+)
**21.00** «Время»
**21.30** Т/с «Вертинский» (16+)
**22.45** «Большая игра» (16+)
**23.40** «Вечерний Ургант» (16+)
**00.20** «Нина Гребешкова. «Я без тебя пропаду» (12+)

### РОССИЯ 1

**05.00, 09.30** «Утро России»
**09.00, 14.30, 21.05** Вести. Местное время
**09.55** «О самом главном». Ток-шоу (12+)
**11.00, 14.00, 17.00, 20.00** Вести
**11.30** «Судьба человека с Борисом Корчевниковым» (12+)
**12.40, 18.40** «60 минут». Ток-шоу (12+)
**14.55** Т/с «Кулагины» (16+)
**17.15** «Андрей Малахов. Прямой эфир» (16+)
**21.20** Т/с «Ключ от всех дверей» (16+)
**23.35** «Вечер с В. Соловьевым» (12+)
**02.20** Т/с «Идиот» (16+)
**04.10** Т/с «Личное дело» (16+)

### НТВ

**04.55** Т/с «Мухтар. Новый след» (16+)
**06.30** «Утро. Самое лучшее» (16+)
**08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.15** Сегодня
**08.25, 10.25** Т/с «Морские дьяволы. Рубежи Родины» (16+)
**13.25** Чрезвычайное происшествие
**14.00** «Место встречи»
**16.45** «За гранью» (16+)
**17.50** «ДНК» (16+)
**20.00** Т/с «Горячая точка» (16+)
**23.40** «ЧП. Расследование» (16+)
**00.15** «Захар Прилепин. Уроки русского» (12+)
**00.50** «Мы и наука. Наука и мы» (12+)
**01.40** Х/ф «Выйти замуж за генерала» (16+)
**03.30** Т/с «Провинциал» (16+)

### ЗВЕЗДА

**05.10, 13.25, 14.05, 04.10** Т/с «Смерть шпионам. Крым» (16+)
**07.00** «Сегодня утром» (12+)
**09.00, 13.00, 18.00, 21.15** Новости дня (16+)
**09.20, 18.30** «Специальный репортаж» (16+)
**09.40** Х/ф «Замороженный» (16+)
**11.20, 21.25** «Открытый эфир». Ток-шоу (12+)
**14.00** Военные новости (16+)
**18.50** «Наука и война» Д/с. «Подвиг химиков» (16+)
**19.40** «Легенды телевидения». Алексей Каплер (12+)
**20.25** «Код доступа» (12+)
**23.05** «Между тем» с Наталией Метлиной (12+)
**23.40** Х/ф «Взрыв на рассвете» (16+)
**01.20** Х/ф «Внимание! Всем постам...» (16+)
**02.40** Х/ф «В небе «ночные ведьмы» (16+)
**03.55** «Оружие Победы» Д/с (12+)

### РОССИЯ К

**06.30, 07.00, 07.30, 08.30, 10.00, 15.00, 19.30, 23.40** Новости культуры
**06.35** «Пешком...». Ярославль узорчатый
**07.05** «Правила жизни»
**07.35, 18.35, 01.05** Д/ф «Осажденные крепости. Легендарные битвы»
**08.35** Цвет времени. Густав Климт. «Золотая Адель»
**08.45, 16.40** Х/ф «Мелодия на два голоса» (16+)
**10.15** «Наблюдатель»
**11.10, 00.00** Д/ф «Пора нам в оперу...»
**12.20** Д/ф «Маршал Жуков. Память»
**13.05** Д/ф «Франция. Замок Шамбор»
**13.35** Д/ф «Современник своего детства»
**14.05, 22.15** Т/с «Имя Розы» (16+)
**15.05** Новости. Подробно. Театр
**15.20** Пряничный домик. «Ремесла земли Коми»
**15.50** «2 Верник 2». И. Носова и Г. Вырыпаев
**17.55** Д/ф «Вероника Дударова. Свою биографию я рисовала сама»
**19.45** Главная роль
**20.05** Открытая книга. Павел Крусанов. «Голуби»
**20.30** «Спокойной ночи, малыши!»
**20.45** Д/ф «Космический рейс. Миссия на Марс»
**21.30** «Энигма. Игорь Головатенко»
**23.10** Д/с «Зоя Богуславская. Мои люди»
**01.55** Д/ф «Сергей Доренский. О времени и о себе»
**02.40** Pro memoria. «Венецианское стекло»

### МАТЧ!

**06.00, 09.00, 11.20, 13.35, 18.00, 22.35** Новости
**06.05, 15.00, 17.25, 21.55** Все на Матч! Прямой эфир
**09.05, 12.25** «Специальный репортаж» (12+)
**09.25** Х/ф «Брюс Ли. Рождение Дракона» (16+)
**11.25** «Есть тема!» Прямой эфир
**12.45, 13.40** Х/ф «Дуэль» (16+)
**15.25** Биатлон. Кубок мира. Спринт. Женщины
**18.05** Биатлон. Кубок мира. Спринт. Мужчины
**19.55** Баскетбол. Евролига. Мужчины. ЦСКА (Россия) - «Панатинаикос» (Греция)
**22.40** Футбол. Чемпионат Италии. «Лацио» - «Удинезе»
**00.45** «Есть тема!» (12+)
**01.05** Т/с «Сговор» (16+)
**02.55** Д/ф «Спорт высоких технологий»
**04.00** Новости (0+)
**04.05** Х/ф «Андердог» (16+)

# КъБР-м и РАДИО

**Блыщхьэ, щэкIуэгъуэм и 29**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**2.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**6.45** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00,10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.40** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.35** - «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Псалъэмакъ щхьэпэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Узыншагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.25** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.48** - «Назму толкъунларында» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «КъехьэкI-нехьэкI зыхэмылъ псалъэмакъ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.35** – «Дуней тетыкIэ» (урысыбзэкIэ) (16+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Ди зэIущIапIэм» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00 - 24.00** «Жырхана» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Гъубж, щэкIуэгъуэм и 30**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.25** - «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00,10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Ди лъахэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.50** - «Инэмыкъуэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**11.30** - «Миллет хазнабыздан» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди лъахэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «Инэмыкъуэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**16.05** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Интервал QT» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Билимни дуниясы» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ).
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ХьэщIэщ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.30** - «ГушыIэпIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25 - 24.00** «Жыр саугъа» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Бэрэжьей, дыгъэгъазэм и 1**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.35** - «Фэр папщIэ»
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.20** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**4.00** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Халкъ жыра» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00,10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.30** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**11.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Гукъыдэж» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.20** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**14.40** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Сэтэней» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**16.20** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**17.05** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Боракъ» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**22.00** - «Адыгэхэр: тхыдэр, хабзэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Халкъ жырла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**23.30 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Махуэку, дыгъэгъазэм и 2**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**00.30** - «Кавказым и симфоние» (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.35** - «Гукъыдэж» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Усыгъэ» (адыгэбзэкIэ)
**4.10** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**4.50** - Къызэрыфэ пшыналъэхэр (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.30** - «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00,10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.20** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**9.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Журналист ныбжьыщIэхэм я псалъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Тейри къылыч» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**12.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**12.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Зэманым пэджэжу» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**15.35** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.15** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**16.20** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Журналист ныбжьыщIэхэм я псалъэ» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.35** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**18.05** - «КъыддекIуэкI хабзэхэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**18.30** - «Макъамэм и толъкъунхэм» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Къонгуроучукъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЦIыхумрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**22.25** - «Гухэлъ уэрэдхэр» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Салам алейкум» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Мэрем, дыгъэгъазэм и 3**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Дингъуазэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.10** - «ЕджапIэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.30** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)

***«ХъыбарыщIэхэр» (адыгэбзэкIэ): 7.00,10.00, 13.00, 16.00, 19.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (балъкъэрыбзэкIэ): 7.05, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00***
***«ХъыбарыщIэхэр» (урысыбзэкIэ): 7.10, 12.00, 15.00, 18.00, 21.00***

**7.15** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**8.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**10.05** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.25** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**10.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**11.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**12.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**12.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**12.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.45** - «Динымрэ гъащIэмрэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.50** - «IэщIагъэ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**14.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**14.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**15.05** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**16.05** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**16.45** - «Лэгъупыкъу» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**17.05** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**17.20** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**18.05** - «Гъуазджэм и щIыналъэ» (урысыбзэкIэ)
**18.35** - «Сабиигъуэм и дуней» (урысыбзэкIэ) (6+)
**18.50** - «Жэуап зэтыгъуей упщIэхэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.05** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.05** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Алтын хазна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.05** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.30** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «ЩIалэгъуэ» (адыгэбзэкIэ)
**22.35** - Адыгэ уэрэдыжьхэр (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Ауаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.25 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Щэбэт, дыгъэгъазэм и 4**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.30** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**2.30** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**3.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**4.00** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**5.00** - «Ууаз» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.10** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**5.30** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**6.00 - 7.00** Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**8.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.25** - «Радиус -99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - Усэхэр (урысыбзэкIэ)
**10.00** - «ГъащIэм и дамыгъэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.20** - «Дэрэжэгъуэ» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**10.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**11.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**11.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**12.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**14.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**14.50** - «Жаншэрхъ» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**15.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**16.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**16.21** - «Топалайчыкъ» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**16.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.45** - Усэхэр (урысыбзэкIэ)
**18.00** - «Гукъыдэж» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.44** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.20** - «Кюбюрчек» (балъкъэрыбзэкIэ) (6+)
**20.35** - «Тау макъамла» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Кавказым и макъхэр» (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Прозэм и напэкIуэцIхэр» (адыгэбзэкIэ)
**22.30** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Чамхана» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.20** - «Сиз а билемисиз» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**23.30 - 24.00** «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)

**Тхьэмахуэ, дыгъэгъазэм и 5**

**00.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**1.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**1.38** - «Лъэпкъым и фIыгъуэхэр» (адыгэбзэкIэ)
**2.00** - «Жэщыбг нэужьым» (адыгэбзэкIэ)
**3.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**3.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**4.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**4.30** - «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)
**5.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**5.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ)
**5.45** - Усэхэр (урысыбзэкIэ)
**6.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**6.44** - **7.00** «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)

***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 10.00, 14.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 8.00, 15.00***
***«ХъыбарыщIэхэр». Тхьэмахуэм къэхъуахэр: 12.00, 17.00***

**7.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**7.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**8.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**8.45** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**9.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**9.35** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**9.45** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**10.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**10.40** - «Дерс» (адыгэбзэкIэ) (12+)
**11.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**12.10** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**13.00** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (адыгэбзэкIэ) (16+)
**13.35** - «Ди гъусэу зывгъэпсэху» (адыгэбзэкIэ)
**14.10** - «Макъамэ» (адыгэбзэкIэ)
**14.40** - «Фэр папщIэ» (адыгэбзэкIэ)
**15.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**15.40** - «Гюрен» (балъкъэрыбзэкIэ) (12+)
**16.00** - «Сахна» (балъкъэрыбзэкIэ)
**17.10** - «Си Къэбэрдей-Балъкъэр» (урысыбзэкIэ) (16+)
**17.40** - «ПщIэну щхьэпэщ» (урысыбзэкIэ) (12+)
**17.50** - «Спорт хъыбархэр» (урысыбзэкIэ) (12+)
**18.00** - «Театрыр микрофоным Iутщ» (урысыбзэкIэ)
**19.00** - Макъамэ 99,5-FM (адыгэбзэкIэ)
**19.45** - «Таурхъан» (адыгэбзэкIэ) (6+)
**20.00** - «Орайда» (балъкъэрыбзэкIэ)
**20.25** - «Эрирей» (балъкъэрыбзэкIэ)
**21.00** - Макъамэ 99,5-FM (урысыбзэкIэ)
**21.25** - «Радиус-99,5» (урысыбзэкIэ) (12+)
**21.45** - Усэхэр (урысыбзэкIэ)
**22.00** - «Утыку» (адыгэбзэкIэ)
**23.00** - «Бора» (балъкъэрыбзэкIэ) (16+)
**23.30 - 24.00** «Акъ тауланы жырлары» (балъкъэрыбзэкIэ)



# Дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ дэрэ

**ЩIэныгъэлIхэр игъащIэ лъандэрэ топсэлъыхь цIыхумрэ ар къэзыухъуреихь дунеймрэ я псэкIэ, я IэпкълъэпкъкIэ зэрызэпыщIам, зым адрейм Iэмал имыIэу зыхъуэжыныгъэ гуэрхэр зэрыхилъхьэм. Пэжщ, а зэхъуэкIыныгъэхэм узыщыгуфIыкIыни уи жагъуэ хъуни къыщрикIуэхэр щыIэщ. Iуэхур нэхъыбэу зэлъытар дунеймрэ цIыхумрэ яку дэлъ зэхущытыкIэрщ, лъагъуныгъэрщ. А тIур зэгурыIуэу къызэдекIуэкIмэ, зыр адрейм емыкъуэншэкIмэ, къэрикIуэнур лъэныкъуитIми къахуэщхьэпэн IуэхуфIщ, сыту жыпIэмэ, дыкъэзыухъуреихь дунейр псэ зыIуту хъуами къэкIыгъэхэми я дохутырышхуэщ, я хъумакIуэ пэжщ. Абы и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, ди къуршхэми, мыIуэхуншэр щыгъэтауэ, дэ къытхуэлажьэурэ, къалэнышхуэ ягъэзащIэ: ди дунейм и хуабагъ-щIыIагъыр, псыIагъэ-гъущыгъэр зэщыщхъуу щытыныр бгыхэм куэдкIэ елъыташ.**

НЭХЪ ЖЫЖЬЭЖУ дыIэбэнщи, мыпхуэдэ щапхъэр къэтхьынщ: ныбжьышхуэ зиIэ Мысырыр къум нэщI абрагъуэхэмкIэ лъэныкъуищкIэ «къэхухьауэ» зэрыщытам сэбэпыныгъэ лъэпкъ ямыIауэ къыпфIэщIынкIэ мэхъу, зэ еплъыгъуэкIэ. Ауэ, укIэлъыплъыжыпэрэ уегупсысмэ, къыбгурыIуэнущ а къум гъунапкъэншэхэм мыхьэнэшхуэ зэраIар. Сыт хуэдэ ахэр? А къум инхэмкIэ «къэхухьа», къэгъэтIылъыхьа къэрал гъунапкъэхэм зэрыпхъуакIуэ бийхэр тыншу къебгъэрыкIуэфынутэкъым, арати, абыхэм я фIыгъэкIэ, хэкур хъума хъурт.

АдэкIэ-щэ? Бий гуэрхэр къатемыуэмэ, абыхэм зэрамыпхъуэ, зэхамыфыщIэ къэралым и псэукIэкIи, и тхыдэкIи, и щэнхабзэкIи зыужьыныгъэшхуэ игъуэту къекIуэкIырт. А Iуэху бгъэдыхьэкIэр дэри зыхуэдвгъэхьыжи девгъэплъыт: мысырхэр къумхэмкIэ къэхухьауэ зэрыщытам ещхьу, дэри лъэныкъуищкIэ ди къуршхэм бийхэм дыщахъумэгъамэ... Ар, дауи, нэгъуэщI Iуэхущ... МысырымкIэ дгъэзэжынщи, зэманым щIыгъуу гъащIэми зехъуэж. IэщIагъэмрэ щIэныгъэмрэ заужь. ЙофIакIуэ. ЦIыхухэм къагупсыс къуршхэми къумхэми уазэрыпэлъэщын Iэмалхэр, хэкIыпIэхэр. Пэжщ, апхуэдэ зыузэщIыныгъэм мысырхэм япэ лъэхъэнэхэм фIы къахудэкIуауэ щытакъым.

Ди эрэм и пэкIэ, 1700 гъэхэм деж, гъащIэм и зыужьыныгъэм къэрикIуахэм щыщу, цIыхухэм къагупсысащ пщахъуэщI къумышхуэхэми уазэрыпэлъэщын Iэмалхэмрэ къарухэмрэ: гиксосхэр (Iэпхъуэшапхъуэу губгъуэхэм щыпсэу Iэщыхъуэхэрат апхуэдэу зэджэхэр) къызэпрыкIыф хъуащ Мысыр къэралыгъуэр къызэрыхухьа пщахъуэщI абрагъуэхэм. Абыхэм яубыду щIадзащ ущыпсэуну нэхъ тынш щIыIэпсхэр: Нил псым и Iэшэлъашэхэр. Пэжщ, бийр къатеуэным илъэс зытхух иIэу езы мысырхэр хьэлэбэлыкъышхуэм хэхуат: къулейсызхэмрэ гъэрхэмрэ я зэщIэхъееныгъэ иным къэралыр зэщIищтат. Дауи, зэрыпхъуакIуэхэм а щытыкIэри къахуэщхьэпащ. КъимыдэкIэ, зэрыжытIащи, гиксосхэр Iэмалшыт: гъуэгуанэ хьэлъэ кIыхьыр абыхэм къызэрызэпачар махъшэ къудейхэмкIэтэкъым - я акъылыр хуэкIуэри, шыхэр къагъэсэбэп хъуати, дэнэкIи нэхъ псынщIэу икIи нэхъ тыншу нэсхэрт. КъыжыIэн хуейщ мыри: къызытеуахэм нэхърэ къатеуэхэр куэдкIэ нэхъ мащIэу щыташ. Ауэ губгъуэрыс Iэщыхъуэхэр къэзыухъуреихь дунейм куэдым хуригъэджат: упсэун папщIэ щыIэ Iэмалу хъуари хэкIыпIэ псори къэгъэсэбэпыным хуигъэIущати, мысырхэр зыщымыгъуазэ зауэ хуэIухуэщIэхэмкIэ ахэр нэхъыбэу къызэгъэпэща хъуат.

Гиксосхэр зэрыпхъуакIуэ къудей мыхъуу, псэукIэм хуэIэзэхэуи къыщIэкIащ: мысырхэм я щэнхабзэр псынщIэу къапхъуэтащ, я бзэр зрагъэщIащ, къаубыда лъэпкъым щызэрахьэ цIэхэм хуэдэхэр езыхэм зыфIащ хъуащ. КъыфIэбгъэкIмэ, мысыр фирхьэунхэм я щIыхьыр зэрыхаIэтыкIыу зэрахьэ цIэхэм я фэгъухэр зыфIащурэ, адрейхэм зыкъыхагъэщу щIадзащ, псалъэм папщIэ, зиусхьэн, зи щIыхьыр ин, нэгъуэщI къинэмыщIхэм хуэдэхэмкIэ. Езы мысырхэри зыкъомкIэ ядэплъеящ зыубыда бийхэм: псом япэрауэ, махъшэхэм нэмыщI, абыхэм шыхэр ягъэхъуу, шэрхъ зыщIэт гухэр ящIу щIадзащ, Iэщэ-фащэхэмкIи мобыхэм щапхъэ къытрах хъуащ. Мыбдеж гъащIэм къигъэлъэгъуащ: уэ къофIэкI уи бийм деж ущеджэным, абы удэплъеиным зэраныгъэ пылъкъым.

Мысырхэр хуэм-хуэмурэ хуэIэзэ мэхъу илъэси 120-м щIигъукIэ зи бжьым щIэта, къыпахынур къызыпаха губгъуэрыс Iэщыхъуэхэм къаIэщIэкIыжа зэрыхъуну щIыкIэм. Бэнэныгъэм лъэщу зыхуэзыгъэхьэзыра мысырхэм зыкъаIэтри, гиксосхэр хагъащIэ. Куэд зэтраукIэ, зыкъоми гъэрыпIэм ирагъэувэ. Къэнахэр щIопхъуэж. Мыбдеж Iуэхур зыкъомкIэ ещхь хъуат е мыхъу фIы хъужыркъым жыхуаIэм. Дауэ?

Нэхъапэхэм мысырхэр къумхэмкIэ къэхухьати, езыхэм мыбзаджэу заужь пэтми, абыхэм дунейм и адрей къэралхэм пыщIэныгъэ хуаIатэкъым. Ахэр щыгъуазэтэкъым нэгъуэщI щIыпIэхэм щекIуэкI зыузэщIыныгъэхэм гъуэгу зэрагъуэт щIыкIэм, сатур, экономикэр егъэфIэкIуэным ехьэлIа Iуэхухэр нэхъыфIу икIи нэхъ псынщIэу зэрызэфIэпхыну Iэмалхэм я къэгъэсэбэпыкIэм... Иджы деплъынти, дыкъэзыухъуреихь дунеймрэ цIыхумрэ я зэпыщIэныгъэм спортым зиужьынымкIэ сэбэпынагъыу къиишэр зыхуэдэм. Абы щхьэкIэ жыжьэ дыкIуэнкъым – къэтщтэнщ ди къуршхэмрэ бгырысхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэхэм къэрикIуэу тлъагъухэр. Къуршхэм, бгы лъапэхэм щыпсэу цIыхухэр а щIыпIэхэм йосэ, щIыIэхэми жьапщэхэми япсыхьри, бэшэч мэхъухэр. Ахэр хуэм-хуэмурэ тогушхуэ къыр задэхэм, къуршыщхьэхэм я лъэр нахусыным. Губгъуэрысхэр IэмалкIи къарукIи зыпэмылъэщыну гъуэгуанэ хьэлъэхэм зрапщыту щIадзэри, я мурадым я Iэр трагъэхуэф мэхъу.

Фигу къэдгъэкIыжынщ 1829 гъэм и бадзэуэгъуэм ди деж щекIуэкIа Iуэхушхуэр, дуней псом цIэрыIуэ щыхъугъар. Абы ипэкIэ зэи къэхъуатэкъым апхуэдэ: Европэм щынэхъ къурш лъагэ дыдэ Iуащхьэмахуэ цIыху дэкIащ а мазэм. А бгы щыгум удэкIыныр щыгъэтауэ, ар уигу къэкIын къудейр щхьэпсыншагъэу ябжырт. Абы гугъуехьу пыщIахэри къилъыташ Урысейм ЩIэныгъэхэмкIэ и академием а Iуэхум зрипщытын мурад щищIам. Быдэуи зыхуагъэхьэзырат а гъуэгуанэ хьэлъэм. Гъуэгуанэм пыщIа Iуэхугъуэхэр зэхигъэкIыну, иубзыхуну, гупым хэту ежьэнухэр къызэригъэпэщыну и пщэ далъхьэ Кавказым щыIэ урыс зауэлIхэм я дзэпщ генерал Эмануэль.

ЗэрегупсысахэмкIэ, гъуэгуанэм техьэнухэм зыщрачыну нэхъыфIу къалъытар Къэрэшей лъэныкъуэмкIэ укъикIыуэщ. Ар къыщIыхахам щхьэусыгъуэ иIэт: Къэбэрдейр Урысейм гухьагъэжыт, адрей адыгэхэри лъэпощхьэпо къахуэмыхъуным тращIыхьри... КъимыдэкIэ, Кавказ Ищхъэрэм уикIыу Абхъазым узэрыкIуэ хъун лъагъуэ нэхъ кIэщIхэр зыхуэзэр а щIыпIэм и къурш щхьэдэхыпIэхэрат. А Iуэхум щыгъуазэ тыркухэм я зекIуапIэр, абыхэм я лIыкIуэхэр Кавказ Ищхъэрэм нэхъ тыншу къызэрысыр, Iэщэхэр къызэрашэр а къурш щхьэдэхыпIэмкIэ щыпхыша лъагъуэхэрат. Абыхэм я щытыкIэхэри убзыхун хуейти... Iуащхьэмахуэ щыгу дэкIыным пыщIа Iуэхухэм лъэныкъуэ куэдкIэ егупсысахэт: ахэр ехьэлIат экономикэми, щIэныгъэ-къэхутэныгъэхэми, альпинизмэми; Iуащхьэмахуэ къедза щIыпIэхэм къыщыкIхэр, узыщрихьэлIэ псэущхьэхэр зыхуэдэр убзыхуным, Балъкъ, Псыжь я къыщIэжыпIэхэр, бгы лъапэхэм щIэлъынкIэ хъуну зыхуагъэфащэ хъугъуэфIыгъуэхэр къэхутэным, нэгъуэщI къинэмыщIхэми.

Арат а гупым щIыхагъэхьар щIэныгъэлI, IэщIагъэлI зэмылIэужьыгъуэхэр. ЗекIуэр къызэзыгъэпэщахэр щымыуауэ къыщIокI: абыхэм Къэбэрдейми Къэрэшейми къыщагъуэташ мывэ фIамыщI, дыжьын, бдзапцIэ, нэгъуэщI хъугъуэфIыгъуэхэри зыщIэлъ щIыпIэ куэд. Ауэ ящIа псом ящхьэу къыщIэкIар игъащIэм цIыхум и лъэ зытемыува Iуащхьэмахуэ щыгур къызэращтараш.

Ар къызэхъулIари хэт? АдыгэлI Хьэшыр Чыларщ. 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м сыхьэти 10-м Хьэшырым и гъусэу гъуэгу техьат щIэныгъэлIхэу Купфер, Ленц, Майер, Къэрэшейм щыщ Дудов Магомет сымэ, къэзакъ лIы тIощIи ящIыгъуу. Метр 4270-рэ якIуа нэужь, гъуэгур къатохьэлъэри, цIыху 23-м кърагъэзыхыж. АдэкIэ кIуэфыр Хьэшыр Чылар, Дудов Магомет, Ленц, къэзакъ Лысенков сымэщ.

АрщхьэкIэ Iуащхьэмахуэ щыгум нэмысыфу иужьреищми къагъэзэж. А насыпыр къызэхъулIар апхуэдэ гугъуехьхэм япсыхьа, къэзылъхуа щIыналъэм и бын пэж, лIыгъэшхуэ къызыкъуэкIа ди лъэпкъэгъу, къэзылъхуахэм я пщIэр Iуащхьэмахуэ елъэгэкIыу дуней псом щызыIэтыфа адыгэлI нэс Хьэшыр Чыларщ. Ар 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 22-м сыхьэти 10-м Iуащхьэмахуэ и къуэкIыпIэ щыгум нэсыфауэ щыташ.

А гъуэгуанэ хьэлъэр зэрызэпачам теухуауэ Купфер итхыжащ: «Чылар, - арат и цIэр а адыгэлIым, - дэ псоми нэхърэ а Iуэхум нэхъ хуэIэзэу къыщIэкIащ: пщэдджыжь щIыIэтыIэр къигъэсэбэпри, зи дунейр уэсылъэу зыхь гъунапкъэр дэр нэхърэ куэдкIэ нэхъ пасэу къызэринэкIащ. Ленц и иужьрей дыдэ къэувыIэпIэм щынэсам, Чылар кърагъэзыхыжауэ щыгум къехыжырт. Абдеж уэсым ткIун щIидзакIэт. Мор уэс щтам тету къурш щыгу дыдэм нэсат... Ар зы сыхьэт псокIэ нэхъ щIэхыуи къэсыжащ ди гупым и хэщIапIэм. ЛIыгъэшхуэ зыхэлъ щакIуэжьти, абы а щIыпIэхэр фIыуэ ицIыхурт, лъагапIэхэм и щыпэдэкIтэкъым...».

Чылар зэрихьа лIыгъэр езым игъэщIэгъуэжу къыщIэкIынтэкъым: зи гъащIэр Iэхъуэу бгылъэхэм щезыхьэкI адыгэлIым апхуэдэ лIыгъэ зэхэгъэкIыпIэхэр Iэджэрэ игъэунэхуакIэт. Абыхэм уесауэ, укъэзыухъуреихь дунейм и хьэрискхъуэрисхэм фIыуэ ущыгъуазэу щымытмэ, минрэ ущIэныгъэлIми, зыбгъэспортсменышхуэми, Брамтэ къуажэм (Вольнэ Аул) къыщалъхуа Хьэшыр Чылар ищIэфар къызэромыхъулIэнур белджылы къэхъуат дунейпсо альпинизмэм и ехъулIэныгъэхэм я къежьапIэу къэплъытапхъэ Iуэхур къыщыхъуа 1829 гъэм бадзэуэгъуэм и 22 махуэм.

А махуэр дунейпсо тхыдэм дыщэпскIэ хэзытха адыгэлIыр, ар къызыхэкIа лъэпкъыр ягъэлъапIэурэ, фэеплъ мыкIуэдыжынхэри хуащIащ, усэхэр, уэрэдхэр хузэхалъхьащ. Ди щIэныгъэлI Iэзэ, тхакIуэшхуэ Шортэн Аскэрбий и «Бгырысхэр» роман цIэрыIуэми хигъэхьащ Хьэшыр Чылар теухуа IыхьэфI.

Чылар и ужькIэ а лIыгъэзэхэгъэкIыпIэ дыдэм текIуэныгъэ къыщызыхьауэ щытари ди хэкуэгъу Соттаев Ахъиящ. Ауэ балъкъэр щIалэм ар къыщехъулIар 1868 гъэращ. Пэжщ, абы етIуанэуи зрепщыт Iуащхьэмахуэ и къухьэпIэ щыгум икIи и мурадыр къохъулIэ 1874 гъэм. Ари, Чылар ещхьу, щакIуэшхуэт. Хьэжэбажащэу къуршхэм, бгы лъапэхэм ит зэпытт. Абы и дежкIэ зырикIт уи уэсукхъуэри, уи уэлбанэхэри, уи жьапщэхэри. Соттаевым и лъэр зытемыува къурш щхьэдэхыпIи, лъагъуи, гъуэгуи щыбгъуэтынтэкъым а щIыпIэхэм, ауэ щыхъукIэ, ари хуэIэзэт къэзыухъуреихь дунейм и хьэлхэм, абыхэм уазэрыфIэкIыфыну Iэмалхэм. Езыр гъащIэм быдэу ипсыхьат, лIыгъэшхуи хэлъти, сытми тегушхуэрт.

Хьэшыр Чыларрэ Соттаев Ахъиярэ ядэплъейуэрэ, абыхэм зэрахьа лIыгъэр щапхъэ яхуэхъуурэ, Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхэм спортсменыфI Iэджэ къахэкIащ. Абыхэм яхэтщ дуней псом, Европэм бжьыпэр щызыубыдахэр. А цIыху хахуэхэм къагъэлъагъуэ лIыгъэри зыкъомкIэ елъыташ дыкъэзыухъуреихь дунейм къытхилъхьэ гъэсэныгъэхэм, лIыгъэ зехьэным дыкъызэрыхуриджэм, дызэрипсыхьым. Апхуэдэ хэкIыпIэхэр нэсу къэгъэсэбэпын зэрыхуейм шэч хэлъкъым. Дэнэ лъэныкъуэкIи къикIыурэ, гъэмахуэ, щIымахуэ ямыIэу, Iуащхьэмахуэ лъапэ къокIуэ спортсмен цIэрыIуэхэри, лыжэхэмкIэ бгыхэм къыщыжыхьыным дихьэххэри, а спорт лIэужьыгъуэм зыхуэзыгъасэхэри. Дэ а псомкIи Алыхьыр къыщытхуэупсакIэ, щхьэ къэдгъэсэбэпын хуэмейрэ дыкъэзыухъуреихь дунейм къыдихьэлIэ фIыгъуэхэр? А Iуэхум тэмэму дыбгъэдыхьэу щытмэ, шэч хэлъкъым, дяпэкIи дэ Хьэшыр Чыларрэ Соттаев Ахъиярэ хуэдэхэр куэду къызэрытхэкIынум.

Пэжщ, спортым ехъулIэныгъэхэр къыщыпхьын, абы удихьэхын папщIэ, укъэзыухъуреихь дунейм узыхуригъаджэ, къыпхуищIэ къудеймкIэ Iуэхур зэфIэкIынукъым - узыншагъэ, гукъыдэж, зэIузэпэщу узыхэпсэукIын уиIэн хуейщ. ИтIанэщ уи мурадым уи Iэр техуэным псэемыблэжу ущыхущIэкъунури зи цIэ къитIуа нэхъыжьыфIхэм я гъуэгум адэкIэ щыпыпщэфынури. Абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэр щыгъунэжщ ди деж.

Псалъэм папщIэ, Чыларрэ Ахъиярэ зэрахьауэ щыта лIыгъэр гъуазэ яхуэмыхъуамэ, Iуащхьэмахуэ щыгум мызэмытIэу къиихутэу, итIанэ дуней псом щынэхъ лъагэ дыдэ Джомолунгмэ (Эверест) къуршым зрапщытыфыну пIэрэт илъэс 55-рэ зи ныбжь балъкъэр спортсмен лъэщ Ольмезов Абдул-Хьэлимрэ илъэс 28-рэ фIэкIа мыхъуа адыгэ бзылъхугъэ хахуэ Мэз Каринэрэ? Ахэри зи быныр ди лъахэ дахэращ, лъагапIэхэм щыщIэхъуэпсхэм деж гъуазэу, плъапIэу яIэр ди усакIуэхэм, сурэтыщIхэм я творчествэм щагъафIэ ди Iуащхьэмахуэ дахэшхуэращи, Ольмезовымрэ Мэзымрэ абы и щыгум илъэтыкIхэу Эверест къызэрытехутар ди лъэпкъхэр игъащIэ псокIэ зэрыгушхуэн ехъулIэныгъэщ. ДяпэкIи къытщIэхъуэну щIэблэм къыпащэн ухъу апхуэдэ текIуэныгъэхэм. АбыкIэ къигъэхъуапIэ, хъуэпсапIэ хъарзынэщ дыкъэзыухъуреихь ди дуней телъыджэр.

**ТХЬЭГЪЭПСЭУ Анатолэ,**
*философие щIэныгъэхэм я кандидат, доцент.*






# Iуащхьэ щыгум



Цыжьбанэр гъуэлъыжрэ пэт ныбжьэгъум и фий макъ къызэхихащ. Ар къыщыщIэкIым къилъэгъуащ и ныбжьэгъур уафэм зэрыдэплъейр. Цыжьбанэр къызэрыщIэкIар зэхимыхауэ абы и нэр уафэм етат.

- Сыт абы къыпхуридзыхыну узыхуейр? - дыгушыIащ Цыжьбанэр ЩIыIубым.

- НакIуэ, Iуащхьэм дытегъэс, - жиIащ абы, Цыжьбанэм и упщIэр зыщхьэдигъэIухри.

Цыжьбанэми фIэфIт пщыхьэщхьэм хэплъэу, хэдэIухьу Iуащхьэм тесыни, хьэуэ къыхигъэкIакъым. Ныбжьэгъум и ужь иту кIуэ Цыжьбанэм игъэщIагъуэрт къандзэгу жьэхэмыуэу е мылъэпэрапэу ЩIыIубыр Iуащхьэм зэрыдэкIыр.

- Дыкъэсащ. Сыту пщыхьэщхьэ телъыджэ!

- Хьэуа щIыIэтыIэр сыт и уасэ!

- Жэщ хьэпIацIэхэм я макъ зэпэджэжхэр-щэ!

- Пэжщ. Мо мазэгъуэр плъагъурэ?

- Сыт хуэдэ езы а мазэр?

Цыжьбанэр зэIынащ. «Плъагъурэ» жиIэн хуеякъым, иджы сыт щIегъуэжкIэ, и ныбжьэгъум и жагъуэ ищIащ.

- И зо, зэхэпхрэ? И гугъу къысхуэщIыт мазэм. Уэ зэрыплъагъуращ сызыхуейр.

Цыжьбанэм зыри жимыIэу ину щэтащ.

- ИIэ, хуэмыху. Уэ къызжумыIэм хэт къызжиIэн?

ЩIыIубым и псалъэхэм ар трагъэгушхуащ.

- Мазэр, пщIэрэ, ЩIыIуб цIыкIу, хъуреябзэщ. Ныщхьэбэ уафэм пшэ телъкъыми, вагъуэхэри мазэри IупщIу болъагъу. Мы Iуащхьэм сытесу сыщеплъкIэ, вагъуэхэри мазэри нэхъ ину, нэхъ лыду къысщохъу.

- Сэри мы Iуащхьэм сыщытесым деж мазэри вагъуэхэри слъагъуу къысщохъу. Пшэ зытемылъ жэщ уафэ къабзэм мазэр зигъэщIагъуэу вагъуэхэм тхъуэплъышхуэу къахощ. Абы къыпих нурым хьэуар ходжэгухь. И ныбжьэгъу жьыр къепщамэ, щIиупскIэнути, ныщхьэбэ абы тIэкIу хуэзэшу къысщохъу. Уеблэмэ и пIэм икIыну хуэмейуэ зигъэжьажьэу уафэгум зыщеIэжьэ, зыгуэрым пэплъэ нэхъей. ЩIылъэм тетхэр дызэреплъыр ещIэ, езыми зэрыизыр, и дахагъэр и напщIэ телъщи, зегъэщIагъуэ. Сытми аращ... НакIуэ.

Цыжьбанэм пидзыжын имыгъуэту мазэм хуеплъэкIыурэ ЩIыIубым и ужь иувэжащ.

**МЭЛЕЙ ФатIимэ.**

# Мазэм ихъумэр



Уи сурэтыр мазэм щхьэ къищрэ?!. Уи уэрэдыр жьыбгъэм щхьэ жиIэрэ?! Уи гум илъ щэхухэр зыхъумэ вагъуэри сыту лъагэу къеплъыхрэ!..

Мазэр жэщым къыхоплъэ... Аргуэру сурэтым соплъ... Вагъуэхэр уджым щыхыхьэкIэ, мазэр уафэбгъум щозагъэ. Вагъуэхэр зэщIэпщIыпщIэу зэдоуджри, ар егъэщIагъуэ. Уджым хэмыхьэ мазэр... и закъуэщ... Уи закъуэщ... Щыму уахоплъэ вагъуэхэм... Дэтхэнэми и лыдыкIэм уэ гупсысэ къыпщIедзыр... Уи нурыр зытепсэ вагъуэхэм уафэм щыгъэу зрапхъэ. Нэхъри лъагэу заIэтри, уэгуми зыхуаший... Уэгум! Насып щыхадыкIыр абдежырщ!..

... Щэхущ... Уи щэхур жэщым и нэхущ... Жьым къырихьэкI хьэуа къабзэр пщэдджыжьыпэм ныхехьэри, щIыгу сабырам щоуэршэр. Удзыпэ щхъуантIэхэм уэсэпсу ятелъыр зэдегъэтхытх, псы ешкIурэхым щабэу жьэхоуэри, ткIуэпсхэр мэлъей... Уафэм кърих фIэхъусыр щIылъэм трегуэшэжыр жьым...

Мазэм ихъума уэсэпс къабзэр ар зыхъуэжа пщэдджыжь дыгъэм полыдри... насыпым IуощIэ. ПIалъэр мащIэIуэт... IэфIыIуэт. Дыгъэм уэсэпсыр ирефэ. Лыдыжкъым... Жьыбгъэм кърихьэжьа щэхур уафэмрэ щIылъэмрэ я кум насып хъуэпскIыу докIуэсыкIыж.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**

# Китай блын уардэ

Цинь къэралыгъуэм и пащтыхь хъуа нэужь, Чжень (ди эрэм и пэкIэ 259 - 219 гъгъ.) езым и унафэм щIэту Китайр зэкъуигъэуващ. Абы цIэуэ зыфIищыжащ Цинь Ши Хуанди - «Китайм и япэ пащтыхь» къикIыу.

Китайр къытеуэ бийхэм ящихъумэн папщIэ Цинь Ши Хуанди блын абрагъуэ иухуэну мурад ищIащ. ПщылIхэр, тутнакъэщым исхэр, мэкъумэшыщIэхэр залымыгъэкIэ ирахулIэрт а лэжьыгъэ хьэлъэм. А блыныр яухуэху цIыху мин куэд хэкIуэдащ.

Китай блын уардэр цIыхум и IэкIэ ищIа ухуэныгъэ нэхъ ин дыдэу дуней псом къыщалъытэ нобэр къыздэсым. Къыхэгъэщыпхъэщ а блыныр и къалэн нэхъыщхьэм зэрыпэмылъэщар, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, абы зыбжанэрэ бийхэр къыщхьэпрыкIыфащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, монголхэм я Iэтащхьэ Чингисхъан блыныр зыхъумэ зауэлIхэр IулъхьэкIэ къищэхури, и дзэр и гъусэу Китайм теуауэ щытащ.

Китай блын уардэм и кIыхьагъыр километр 6320-рэ мэхъу, и лъагъагъыр метри 4,5-м щегъэжьауэ метр 12-м нос.

**ДОХЪУШОКЪУЭ Синэ.**

# Адыгэ лы гъэжьэкIэ

ЛыпцIэр зэпаупщI г 35 - 40 хъууэ. Адыгэ бжьын плъыжь цIыкIур яукъэбз, лыри бжьынри псы щIыIэкIэ ятхьэщIри, дзэху тепщэчым иралъхьэ, шыгъу, шыбжий сыр хаудэри фIыуэ зэIащIэж. И щхьэр тепIауэ щIыIапIэм деж щагъэт дакъикъэ 15 - 20-кIэ. ИтIанэ лы тыкъыр цIыкIухэри бжьынри хъыдан гъущэкIэ ялъэщI. Щагъэжьэнум и деж япэщIыкIэ дзасэм лы тыкъыр фIалъхьэ, итIанэ бжьын псо, апхуэдэурэ дзасэм фIэз ящI, и кIэ дыдэм фIэлъын хуейр лы тыкъырщ. Пхъэ мафIэ дэпкIэ, дзасэр ягъэкIэрахъуэурэ, ягъажьэ, лыр хьэзыр, тхъуэплъ дахэ хъухукIэ. Дзасэм къыфIалъэфри, пщтыру тепщэчым иралъхьэ. Дашх пIастэ, мырамысэ, чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ. Шэ хуабэ трафыхьыж. Сэбэпышхуэ яхуохъу псчэрейхэм, Iупс бзаджэ зиIэхэм, щIыIэ зыхыхьахэм.

***Халъхьэхэр (цIыхуитI Iыхьэ):***

мэлылу - г 250-рэ

адыгэ бжьын плъыжь цIыкIуу - г 150-рэ

шыгъуу, шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

***«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.***

# Псалъэзэблэдз



***ЕкIуэкIыу:*** **5**. Къэп цIыкIу. **6**. МахуэцIэ. **7**. Армэм къулыкъу щызыщIэ. **9**. Дунейпсо «Адыгэ хасэм» и тхьэмадэу щыта ... Борис. **12**. ХьэршытIатI хуабэм хэсын и зи щIасэ Iэщ. **13**. Дзыгъуэлыр дурдылу къызыщыхъу псэущхьэ Iэл дахэ цIыкIу. **14**. ... хуэмыфI хьэдрыхэ кIуэркъым. **15**. Къуаргъ лъэпкъым щыщ къуалэбзу. **17**. ПлIанэпэ. **20**. Нэхъыжьхэм къащIэхъуэ ныбжьыщIэхэр. **21**. Унагъуэ къулейм я Iуэхутхьэбзащ Iэ.

***Къехыу:*** **1**. Гъатхэ дыгъэм кIагъуэпскIэ уегъэпскIри, бжьыхьэ дыгъэм ... къыптрекIэ. **2**. Адыгэ театрым и джэгуакIуэ Iэзэу щыта, РСФСР-м щIыхь зиIэ и артисткэ Сибэч ... **3**. Нартыхур бгъэлъалъэмэ, ар къонэ. **4**. Iэщхэм я тхьэ. **8**. КъуэкIыпIэ Гъунэгъум хиубыдэ къэрал цIыкIу. **10**. Сату щIапIэ. **11**. Уэрэдыжь къизышым къыдэзыIыгъ гуп. **15**. Язынықъуэ щыгъынхэм я нэз. **16**. Уэрамым ... цIыкIухэр топ щоджэгу. **18**. Iэпслъэпсым щыщ. **19**. ГъэшхэкI.

*Зэхэзылъхьар*
**МЫЗ Ахьмэдщ.**

***ЩэкIуэгъуэм и 20-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **2**. Мэуэт. **6**. Жасы. **7**. Хуарэ. **8**. Шхуэ. **9**. Тэрч. **11**. Iэуа. **13**. Тхъуэплъ. **16**. Къэхъун. **17**. Ныджэ. **18**. Гъубж. **20**. Iумыл. **22**. ХьэкIуэ. **23**. Уашхэ.

***Къехыу:*** **1**. Зауэм. **2**. Мы. **3**. Уэху. **4**. Тху. **5**. Армум. **10**. Чэтэн. **11**. Iэлъын. **12**. Шэд. **14**. Нэгумэ. **15**. ЕджакIуэ. **19**. Буш. **21**. Лу. **22**. Хьэ.

Зэпеуэхэр



Зэпеуэм щытекIуа Щадхэ я унагъуэр.

# Унагъуэр анэдэлъхубзэм, хабзэм я хъумакIуэщ

**ЩэкIуэгъуэм и 26-м Налшык къалэ щекIуэкIащ «Унагъуэр анэдэлъхубзэм, хабзэм я хъумакIуэщ» республикэ зэпеуэм и кIэух Iыхьэр.**

**КъБР-м ЕгъэджэныгъэмкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм и деж щыIэ «ЕгъэджакIуэхэм я профессиональнэ Iэзагъым зэпыу имыIэу щыхагъахъуэ центрым» къыхилъхьа а зэпеуэм и япэ Iыхьэхэр унагъуэ 35-рэ хэту республикэм и щIыналъэхэм щекIуэкIащ. Абы щыщу кIэух Iыхьэм хэтыну зыхуагъэфэщар унагъуиту хущ.**

ЛЪЭПКЪЫБЗЭХЭР зэрырагъэджыр егъэфIэкIуэнымкIэ центрым и къудамэм и унафэщI, ДАХ-м и вице-президент **Щоджэн Iэминат** я пашэу ягъэхьэзыра а проектыр зэрагъэзащIэр УФ-м ис лъэпкъхэм я анэдэлъхубзэр джынымрэ хъумэнымкIэ фондым хухиха мылъкущ.

Зэпеуэм хыхьэну хуитт курыт еджапIэм щIэс сабий зиIэ адыгэ, урыс, балъкъэр унагъуэхэр.

Бадзэуэгъуэ мазэм щыщIэдзауэ а IуэхумкIэ лэжьыгъэ гъэщIэгъуэнхэр щIыналъэм щекIуэкIащ. Абы хэту, «Си лъахэм и щIыпIэцIэхэр» фIэщыгъэм щIэт зэпеуэ цIыкIу онлайн жыпхъэм иту нэхъ ипэкIэ ирагъэкIуэкIащ.

Щоджэн Iэминат проектым теухуауэ къыщыпсалъэм жиIащ мы IуэхумкIэ къалэну зыхуагъэувыжыр бзэр хъумэныр, ар щIэблэм егъэщIэныр унагъуэм зэрипщэрылъыр дэтхэнэ зыми хьэкъыу къагурыгъэIуэныр зэрыарар.

Зым и дежкIи щэхукъым унагъуэ куэдым анэдэлъхубзэр къызэрыщамыгъэсэбэпыжыр. КIуэдыр бзэм и закъуэкъым, абы докIуэщI лъэпкъ хабзэмрэ гъэсэныгъэ дахэмрэ. Унагъуэм и къалэным, абы быным хилъхьэм куэд зэрелъытам и щыхьэтщ а махуэм утыку кърагъэхьа унагъуэ дахэхэр. Къыхэгъэщыпхъэщ дэтхэнэми щапхъэ зытепхын хабзэфI, зэхущытыкIэ екIу къызэригъэлъэгъуар.

Си гуапэу ди газетеджэхэм езгъэцIыхуну сыхуейт дыгъуасэ утыку къраша адыгэ унагъуэхэр зыщыщ лъэпкъхэмрэ къуажэхэмрэ: Щадхэ (Тэрч щIыналъэ, Инарыкъуей цIыкIу), Мысрокъуэхэ (Къэрэгъэш), Джэрджокъуэхэ (Дыгулыбгъуей), КIэнцIалий (Тэрч щIыналъэ, Акъбащ Ипщэ), АфIэунэхэ (Шэджэм).



Мысрокъуэхэ я унагъуэр.

Зэпеуэм ипкъ иткIэ, унагъуэхэм я деж анэдэлъхубзэм и мыхьэнэмрэ абы цIыхум и гъащIэм щигъэзащIэ къалэнымрэ теухуа щIэупщIэныгъэ щрагъэкIуэкIам кърата жэуапхэм ущымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым. Адэ-анэхэм къыхагъэщащ зи анэдэлъхубзэр зыщIэ сабийхэм хабзэр нэхъыфIу зэрызыхалъхьэр, щIэблэм гъэсэныгъэ тэмэм ягъуэтынымкIэ зэрыщхьэпэр. Бзэ зыбжанэм акъылыр фIыуэ зэригъэлажьэр, анэдэлъхубзэкIэ япэу псэлъэн щIэзыдза сабийм хамэбзэхэри тыншу зригъэщIэжыфу гу лъатауэ къагъэлъэгъуащ абыхэм.

Унагъуэ зэпеуэр Iыхьэ зыбжанэу гуэшауэ щытащ. Япэ Iыхьэм абыхэм видео теплъэгъуэ кIэщIкIэ къызэхуэсахэм зыкърагъэцIыхури, я ехъулIэныгъэхэм щытепсэлъыхьащ, етIуанэм я нэхъыжьыфIхэмрэ я лIакъуэм къыхэкIа цIыху цIэрыIуэхэмрэ я гугъу щащIащ. Ещанэ Iыхьэм IуэрыIуатэр, адыгэ къуажэхьхэр нэхъыфIу зыщIэр щызэхагъэкIащ. ЕплIанэм унагъуэм исхэм я творческэ зэфIэкIыр щагъэнэIуащ. Етхуанэ Iыхьэм, «Нанэ и пхъуантэ» фIэщыгъэм щIэтым, лъэпкъым ижь-ижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ хабзэхэм ящыщу езыхэм нэхъ ягу ирихьыр щагъэлъэгъуащ.

КъэпщытакIуэ гупым я тхьэмадэ, филологие щIэныгъэхэм я кандидат **УнэлIокъуэ Вячеслав** зэпеуэм къэрикIуахэр игъэнэIуэну утыкум къыщихьам, абы хэта псори лъэпкъыр, щIыналъэр щIэгушхуэн унагъуэу къызэрилъытэр жиIащ. УнэлIокъуэм зэпеуэм хэтахэм я щыуагъэхэр яригъэлъагъужащ, дяпэкIэ абыхэм хуэсакъыну къыхуриджэри.

КъэпщытакIуэхэм зэдаарэзыуэ япэ увыпIэр Тэрч щIыналъэм къикIа Щадхэ я унагъуэм иратащ. Япэу утыку къыщихьам щегъэжьауэ иужьрей Iыхьэр зэфIэкIыху абыхэм гъэщIэгъуэн, щэщIыгъуэ, гупсысэ къызыхэпхын защIэщ ди пащхьэ кърахьар. ЕтIуанэ хъуар Джэрджокъуэхэрэ АфIэунэхэрэщ, ещанэ увыпIэр КIэнцIалийхэрэ Мысрокъуэхэрэ зэдагуэшащ.

Уи гуапэ мыхъуу къанэркъым мы зэпеуэм унагъуэхэм жэуаплыныгъэ ин пылъу зэрызыхуагъэхьэзырар. Ар я фащэ, зыкъыщагъэлъагъуэ Iыхьэм теухуа хьэпшып е ягъэзащIэ номер ирехъу. ТIэунейуэ гуапэт нэхъыщIэхэм къаIэта Iуэхур даIыгъыу мыбы дадэ Iумахуэхэмрэ нанэ гумащIэхэмрэ къызэрыхыхьар.

Мыхьэнэ инкIэ гъэнщIа «адыгэ унагъуэ» псалъэхэм я куууагъымрэ я дахагъэмрэ дыгъуасэрей зэпеуэм хэтахэм ди фIэщ ящIащ. Апхуэдэуи иджыри зэ хьэкъ хъуащ лъэпкъым и псэр, абы и къэкIуэнур, анэдэлъхубзэм и быдапIэр адыгэ къуажэхэм зэрыщыIэр.

Уи гур къыдрищIейрэ къэкIуэнум фIыкIэ ущызыгъэгугъ мыпхуэдэ зэхыхьэхэр къызэзыгъэпэщахэм фIыщIэ ин яхуэфащэщ, адэкIи къыпащэну дыщогугъ.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

Махуэгъэпс

## Мы махуэхэм

**ЩэкIуэгъуэм и 27,** *щэбэт*

♦**Урысей Федерацэм и тенджыз Iуфэ лъэсрыкIуэдзэм и махуэщ**. 1705 гъэм Пётр Езанэм унафэ къыдигъэкIащ «тенджызым и Iуфэм къулыкъу щызыщIэну сэлэт полк» къызэгъэпэщыным теухуауэ.

♦**Уасэ зыгъэувым и махуэщ**

♦**1946 гъэм** къалъхуащ физико-математикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Хьэжы Анатолэ**.

♦**1951 гъэм** къалъхуащ КъБР-м егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Дадэ Суфэдин**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ жылагъуэ лэжьакIуэ, ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ фондым и унафэщI **ЩоджэнцIыкIу Леонид**.

♦**1982 гъэм** къалъхуащ урысей футболист, УФ-м спортымкIэ щIыхь зиIэ и мастер, къэралым и гъуащхьауэ нэхъыфIхэм ящыщ **Кержаков Александр**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 6 - 9, жэщым градуси 4 - 5 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 28,** *тхьэмахуэ*

♦**ГущIэгъу зэхуэщIыным и дунейпсо махуэщ**

♦**Албаниер щхьэхуит щыхъуа махуэщ**

♦**1912 гъэм** Урысей империем и IV Къэрал Думэм лэжьэн щIидзащ.

♦**1942 гъэм** Къэбэрдей-Балъкъэр партизан гупыр Жэмтхьэлэ Ипщэ щыIэ нэмыцэ гарнизоным теуащ, хэщIыныгъэшхуи иритащ.

♦**1943 гъэм** Ираным и къалащхьэ Тегеран къыщызэIуахащ къэралищым - СССР-м, США-м, Инджылызым - я унафэщIхэу Сталин Иосиф, Рузвельт Франклин, Черчилль Уинстон сымэ зыхэт конференцыр.

♦**1906 гъэм** къалъхуащ филологие щIэныгъэхэм я доктор, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь, РАН-м и академик **Лихачёв Дмитрий**.

♦**1915 гъэм** къалъхуащ усакIуэ, тхакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Симонов Константин** (и цIэ дыдэр **Кириллщ**).

♦**1926 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щэнхабзэмкIэ и министру, республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и секретару щыта **Уэрсей Фаинэ**.

♦**1939 гъэм** къалъхуащ хормейстер, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Бицу Юрий**.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ, УФ-м щIыхь зиIэ и артисткэ **Шортэн Аллэ**.

♦**1954 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, техникэ щIэныгъэхэм я кандидат, «Къэббалъкъремстрой» ОАО-м и унафэщI **ГъуаплъащIэ Алексей**.

♦**1963 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист, «Кабардино-Балкарская правда» газетым и редактор нэхъыщхьэу лэжьа **Болэт Арсен**.

♦**1964 гъэм** къалъхуащ къэрал лэжьакIуэ, политик, КъБР-м и щIыхь зиIэ и юрист **ДыщэкI Мадинэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 10 - 11, жэщым градуси 3 - 4 щыхъунущ.

**ЩэкIуэгъуэм и 29,** *блыщхьэ*

♦**Палестинэ лъэпкъыр дэIыгъыным и дунейпсо махуэщ**. 1947 гъэм щэкIуэгъуэм и 29-м ООН-м и Ассамблее Нэхъыщхьэм резолюцэ къищтащ Палестинэр Инджылызым и унафэм къыщIэгъэкIыным теухуауэ. Апхуэдэуи абы щыубзыхуат Палестинэм къэралыгъуитI - журтхэм ейрэ хьэрыпхэм ейрэ - къыщызэгъэпэщыныр.

♦**Урысей Федерацэм щагъэлъапIэ Анэм и махуэр**

♦**Албаниер нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къыщыIэщIагъэкIыжа (1944 гъэм) махуэщ**

♦**1917 гъэм** Цагъуэ Нурийрэ Дым Iэдэмрэ «Адыгэ макъ» газетым и япэ номерыр къыдагъэкIащ.

♦**1924 гъэм** къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ Урысейпсо зэгухьэныгъэр.

♦**1932 гъэм** Франджымрэ СССР-мрэ Iэ традзащ зыр адрейм темыуэным теухуа зэгурыIуэныгъэм.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ КъШР-м щIыхь зиIэ и сурэтыщI **Хьэгъундокъуэ Мухьэмэд**.

♦**1953 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ и ухуакIуэ, техникэ щIэныгъэхэм я доктор **Хьэмхъуокъуэ Руслан**.

♦**1966 гъэм** къалъхуащ Урысей актёр, УФ-м и цIыхубэ артист, Урысей Федерацэм и Къэрал саугъэтыр тIэунейрэ зыхуагъэфэща, Лъэпкъхэм я къэрал театрым и художественнэ унафэщI **Миронов Евгений**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 11 - 13, жэщым градуси 8 - 9 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

## Шыгъу пут зэдумышхыу узэрыщIэркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Граждан жылагъуэ IуэхущIапIэхэм ядэлэжьэнымрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ и министерствэм, Дунейпсо Адыгэ Хасэм, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм, КъБР-м щыIэ Адыгэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я зэзыгъэуIу советым, «Адыгэ псалъэ», «Нарт, «Хасэ», «Черкесское зарубежье» газетхэм я лэжьакIуэхэм гущIыхьэ ящыхъуащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым мамырыгъэ, лъэпкъ зэгурыIуэныгъэ илъыным и телъхьэу» зэгухьэныгъэм и унафэщI, жылагъуэ лэжьакIуэ цIэрыIуэ **ГуэбэщIыкI Жантемыр Мухьэмэд и къуэр** дунейм зэрехыжар икIи абы и Iыхьлыхэмрэ и благъэхэмрэ яхуогузавэ.

УнафэщI-редактор ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэ

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленин響 ым и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 1.841
Заказ №2646